

**DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI**

MENULIS II

DIKTAT

Disusun pikeun Bahan Pangajaran Nulis II

Ku

Dra. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

NIP 131932641

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHADA DAN SENI
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA**

2000

**DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI**

MENULIS II

Jurusan/Program/Jenjang : Pendidikan Bahasa daerah/Bahasa Sunda/S-1
Nama Mata Kuliah/Kode : Menulis II (DAE 559)
Semester : 4
Bobot : 2 SKS
Nama Dosen/No. Kode : Dra. Nunuy Nurjanah, M.Pd./1557

TUJUAN MATA KULIAH


Mahasiswa memiliki pengetahuan, keterampilan, dan sikap yang positif terhadap menulis.

PERTEMUAN KE: 1-6**POKOK BAHASAN:** 1. Paragraf

- a. Pengertian paragraf
- b. Kegunaan paragraf
- c. Macam-macam paragraf
- d. Syarat-syarat pembentukan paragraf
- e. Pola Susunan Paragraf
- f. Letak kalimat topik
- g. Pengembangan paragraf

2. Artikel

3. Esei

LANGKAH-LANGKAH PROSES BELAJAR MENGAJAR

MATERI PELAJARAN

1. *Bahan Bacaan Artikel 'Bahayana Ngaroko'*

BAHAYANA NGAROKO

Ditilik tina jihat ekonomi, roko dianggap komoditas nu matak nguntungkeun, boh keur pengusahana boh keur pangasilan pajeg nagara. Tapi kumaha keur kasehatan? Cenah bahayana matak pondok umur!?

Mang Asnawi umurna tengah tuwuh. Najan teu tempong rempo, tapi boga kasakit matuh batuk nu matak ngaganggu. Meusmeus jegroh deui jegroh deui. Komo lamun wanci tibra sare, mani asa kaganggu pisan. Angot Bi Imas mah, bojona, sok tuluy kukulutus.

“Tak tage, eureunan tah meuleum bako the,” cenah. Tara ditembalan da geus apal kana adatna, sok sieuneun tuluy manjang.

Ka dokter mah ka dokter, da enya ge cicing di pasisian tapi da geus aya Puskesmas.

“Saena mah bapa the liren ngaroko,” ceuk dokter ka Mang Asnawi.

“Nu mawi teu tiasa,” ceuk Mang Asnawi bari nyengir. Dokter gumujeng. Lain sakali dua kali dikter adu hareupan jeung tukang ngaroko model Mang Asnawi the, jajawabanana meh sarua. Teu tiasa liren.

Najan geus dijelaskeun, eces jentre yen balukar tina ngaroko the matak bahaya, pangpangna keur kasehatan. Tapi arang langka nu bisa eureun saharita. Eta ge kairong kabiasaan ngaroko the matak nyandu, hese dieureunkeunana. Aya nu nyebutkeun eta the faktor kajiwaaan (psikologis), aya oge nu nyebutkeun balukar tina nikotin (racun roko)nu tuluy-tuluyan.

Pondok Umur

Ari dokter da puguh tugasna nyageurkeun, sajaba ti maluruh rupa-rupa kasakit the.

“Nu jelas mah teu aya alesan nu nguatkeun yen roko aman pikeun kasehatan,” ceuk dokter Rusmana, kapala Puskesmas di wewengkon Mang Asnawi nganjrek.

Nurutkeun hasil panalungtikan di salah sahiji rumah sakit di Jakarta, balukar tina ngaroko the matak nimbulkeun rupa-rupa kasakit. Di antarana bae, kasakit jantung (koroner), struk, kasakit paru-paru, kanker dina sabudeureun tikoro, baham jeung dada, sarta kasakit lianna saluareun infeksi.

Sedengkeun nurutkeun nurutkeun hasil panalungtikan sejenna, tina sabatang roko the ngandung 4.000 (opat rewu) unsur kimia. 16 (genepwelas) di antarana racun!

Kasakit-kasakit nu disebutan tadi, tangtuna oge lain kasakit enteng-enteng. malah nurutkeun salah saurang panalungtik di RS Persahabatan (Jakarta), Anwar Yusup, nu katerap kasakit alatan ngaroko sakurang-kurangna kudu ngaluarkeun waragad leuwih ti sayutaeun. Eta the teu kaasup mun kudu dioperasi nu pibiayaeunana kira-kira opat juga satengah rupia.

Malah catetan keur kasakit jantung (koroner) jeung paru-paru mah kawilang bahaya pisan. teu saeutik nu boga kasakit jantung (di antarana alatan ngaroko) tuluy ngusek alias teu nyawaan. Mun teu kitu, balukar tina kasakit paru-paru mah jadi kurang produktip, kana gawe kurang sumanget.

Nu leuwih matak muringkak bulu punduk, nu kabiasaan ngarokona mimiti umur sawelas taun, 70 tikeleun kamungkinan katerap kasakit kanker paru-paru. Nurutkeun panalungtikan eta keneh 45,5% tina sarebu responden mimiti ngaroko antara umur 15-22 taun, 31% leuwih gawat deui, lantaran mimiti ngaroko ti umur 10 taun.

Kauntungan

Memang disawang tina jihat ekonomi mah produksi roko the matak nguntungkeun. Nurutkeun data taun 1993 bae, pamarentah meunang 2,5 trilyun rupia tina hasil pajeg roko. Can tina jihat ‘tenaga kerja’ nu cenah bisa ngagawekeun kira-kira 13 juta urang di 106 pausahaan roko. Jumlah sakitu the teu kaasup patani (bako jeung cengkeh), agen jeung tukang dagang roko, boh kios boh eceran.

Tapi sanajan kitu, pamarentah ge teu api lain, ngantep kana kasehatan rahayat nu beh dituna baris jadi kasakit massal. Nu matak, sok sanajan nguntungkeun tina jihat devisa, tetep we dina bungkus roko kudu ditulis. ***Peringatan pemerintah*** nu eusina mertelakeun bahaya tina ngaroko.

2. Karakteristik Artikel

Artikel ‘article’ nyaeta karya tulis lengkep anu ditulis dina surat kabar majalah, jeung sajabana. Artikel biasana mangrupa karya tulis anu ditulis ku umum, luar ti redaksi surat kabar atawa majalah.

SUMBER: Ahmadi, Mukhsin. 1991. *Penyusunan dan Pengembangan Paragraf serta Penciptaan Gaya Bahasa Karangan*. Malang: YA3.

3. Paragraf

Hiji karangan biasana diwangun ku gundukan kalimah-kalimah anu raket patalina ngarojong hiji gagasan anu gembleng. Eta gundukan kalimah the disebutna paragraf atawa alinea.

3.1. Harti Paragraf

Nurutkeun Balai Pustaka, paragraf nyaeta bagian wacana anu ditandaan ku jajaran munggaran nu ditulis ngelok ka jero atawa spasina leuwih; ragam paguneman ganti jajaran; jajaran anyar dina tulisan (1990:22). Paragraf nyaeta bagian bab dina hiji karangan (biasana ngabogaan hiji ide poko sarta nulisna dimimitian ku jajaran anyar); alinea (1990:648). Pragraf nyaeta hiji beungkeutan pikiran anu panjang jaung legana leuwih ti kalimah. Paragraf mangrupa kumpulan kalimah-kalimah anu raket patalina pikeun ngawangun hiji ide (Gorys Keraf, 1980:62). Paragraf mangrupa inti pikeun ngebrehkeun pikiran dina hiji karangan (Sabarti Akhadiah, dkk., 1990:144).

Dina paragraf tinangtu aya gagasan pemikiran anu hayang dijentrekeun. Gagasan-gagasan bakal jentre ku ayana pedaran-pedaran panglengkep anu ngarojong pikiran tadi. Cindekna, unggal paragraf the boga hiji gagasan utama anu dirojong ku sakumna kalimah anu ngawangun eta paragraf.

3.2. Guna Paragraf.

Guna paragraf anu utama nyaeta pikeun nyirian ayana topik anyar atawa pikeun mekarkeun topik samemehna. Perhatikeun conto ieu di handap.

Kampanye taun ieu loba nu ngasongkeun jurkam anu ngarora. Tangtu wae kalawan tujuan hayang nganjang ka pageto meureun, araheun jaga.

Salah saurang di antarana anu nyongcolang the nyaeta Evita Asmalda Prayitno, S.H. Lalampahan karierna lir ibarat meteor. Dua kali milu nyolok, katilu kalina geus kapilih jadi caleg. Jeung nomer jadi deuih. Jaba keur DPR pusat deuih. Mana kitu oge kader istimewa manehna the.

(Galura, Minggu IV, Mei 1992)

Dina dua paragraf di luhur ebreh ayana dua topik anu beda. Paragraf munggaran mah nyaritakeun ‘kampanye’, sedengkeun paragraf kadua mah nyaritakeun “Evita Asmalda Prayitno, S.H. salah saurang jurkam ngora`. Tapi dua paragraf di luhur the rake patalina sabab mangrupa dua paragraf munggaran anu dicutat tina hiji wacana.

Lian ti nandaan tina topik anyar, pragraf bisa ngagampangkeun ayana konsentrasi. Ku ayana paragraf nu maca bisa eureun heula nu wajar. Nu maca bisa museurkeun heula pamikiran lamun aya hal-hal anu perlu dipikir. Nu maca bisa konsentrasi heula mikiran tema anu aya dina eta paragraf.

2.3. Unsur-unsur Paragraf

Paragraf nyaeta hiji model karangan anu diwangun ku sababaraha kalimah anu aya patula-patalina jeung ngabogaan hiji pikiran utama anu ngajiwaaan eta karangan. Nilik kana wangenan ieu, katiten ayana unsur-unsur paragraf.

1) Pikiran utama

Mangrupa pikiran anu ngajiwaaan hiji paragraf.

2) Pikiran panambah

Mangrupa pikiran anu ngajentrekeun pikiran utama.

3) Kalimah utama

Kalimah tempat ayana pikiran utama.

4) Kalimah panambah

Kalimah tempat ayana kalimah panambah.

Dumasar perelean unsur-unsur paragraf di luhur, bisa dicindeukkeun yen unggal paragraf diwangun ku sababaraha kalimah. Unggal paragraf diwangun ku kalimah utama

(anu ngandung pikiran utama) jeung hiji atawa sababaraha kalimah panambah (anu ngadung pikiran panambah). Tapi teu kitu, dina kanyataanana mah aya paragraf anu diwangun ngan ku sakalimah. Hal ieu dilantarankeun:

- 1) eta paragraf kurang hade dimekarkeunana ku nu nulis. Nu nulis kurang nyangkem hakekat paragraf.
- 2) dihaja ku pangarang. Manehna ngebrehkeun gagasan lain pikeun dimekarkeun atawa rek dimekarkeunana dina paragraf-paragraf satulunya.

2.4. Cara Nulis Paragraf

Aya dua cara nulis paragraf nyaeta cara ngelok jeung cara lempeng.

1) Cara ngelok

Jajaran munggaran dina unggal paragraf ditulis ngelok ka jero. Cara ngelok ilahar dipake.

Contona:

Mimitina mah nu dipake tumpangan maen the teu pira ngan siki kayu api. Lila-lila naek kana tumpangan duit, ti sapeseran nae-naek nepi ka saketipan, tungtungna meakeun perak-perak.

Perbawana maen lamun eleh matak panas hate jeung pusing. Ngadak-ngadak wani pulang-paling, babakuna maling duit kolot atawa maling barang-barang nu beunang digadekeun. Lamun di imah kolot geus taya palingeun, nya sok tuluy ngayab ka imah tatangga.

(Babalik Pikir: Samsudi)

2) Cara lempeng

Beda jeung cara ngelok, paragraf anu make cara lempeng mah unggal kalimahna ditulis lempeng. Cara ngabedakeun hiji paragraf jeung paragraf sejenna nyaeta ku cara liwat sapasi.

Contona:

Dina hij ipoe dewek maen domino jeung barudak tatangga, tumpangan duit. Tempatna di kebon awi ngarah teu dibuburak ku kolot-kolot. Harita dewek mawa pawit the rada gede oge aya kana saringgitna. Demi pawitna nyaeta ladang ngagedekeun iket. Iketna beunang maling ti paman dewek.

Dasar harita dewek geus gede teuing dosa, maen domino the eleh. Ku lantaran hayang nyusul pawit, dewek nepi ka ngajalankeun licik tapi kaburu kanyahoan ku musuh dewek. Atuh teu kira-kira wae musuh the ngambekna, datang kawani nampiling ka dewek. Ari dewek da puguh jelema keur kabungbulengan, eukeur mah eleh duit, katurug-turug aya nu

nybok. Teu antaparah deui tuluy dewek nyabut peso rek ngamuk ka musuh-musuh dewek tea, atuh buriak wae musuh-musuh lalumpatan bari tingjarerit menta tulung.

(Babalik Pikir: Samsudi

2.5. Sarat-sarat Ngawangun Paragraf

Paragraf anu hade kudu gampang kacangkem, miboga hiji gagasan anu gembleng, tur susunan hade. Kalimah-kalimahna heunteu ngan ukur bisa mekarkeun hiji gagasan tapi kudu sambung-sinambung deuih. Unggal kalimah kudu ngarojong kalimah sejenna anu museur kana hiji gagasan. Pikeun ngawangun kalimah-kalimah anu susunanana bener, nu nulis kudu nyusun kalimah-kalimah dumasar hiji susunan anu logis tur sambung sinambung.

Perhatikeun conto ieu di handap.

Dina dunya sinden, urang wanoh k nu ngarana Cicih Cangkurileung. Cangkurileung mah ilaharna ge sok cerewed. Trio Kucicha ge cerewed. Trio Kucicha mangrupa grup dangdut ti Bandung.

Dina conto paragraf di luhur katiten yen eta parahgraf the aya sambung-sinambungan mah (katingali tina kecap nu matalikeunana: Cicih Cangkurileung - cangkurileung cerewed; Trio kucicha - grup dangdut) tapi sabenerna nembongkeun pajurawetna pikiran/logika. Ku kituna, eta paragraf lain mangrupa paragraf anu hade.

Bandingkeun jeung conto paragraf ieu.

Diajar ngulik basa the ngebraykeun perspektif nu hade enggonging ngaderes proses mental (jalan pikiran) para panyatura. Rumus/hukum-hukum tata basa struktur jero nu aya dina otak panyatur dibawa ti barang lahir. Ti barang lahir panyatuir geus dilengkepan ku konsep-konsep jeung struktur jero nu sifatna universal, taya hubunganana jeung kungsi atawa heunteuna diajar basa, atawa jeung tingkat kacerdasan para panyatur. Jadi, basa jeung jalan pikiran the mangrupa dua sistem nu otonom, mandiri, tur sewang-sewangan.

(Karna Yudibrata, spk., 1990:3)

Beda jeung conto paragraf nu tadi, paragraf ieu mah nyumponan sarat-sarat ngawangu paragraf. Eta paragraf miboga hiji gagasan anu gembleng (kohesi) nyaeta ngeunaan basa jeung jalan pikiran; sambung-sinambungan antar kalimah oge dalit. Unggal kalimah silih rojong museur kana hiji gagasan (koheresi). Cindeukna, paragraf di luhur the diwangun ku kalimah-kalimah anu koheren jeung kohesif.

Tina conto di luhur bisa dicindeukkeun yen sarat-sarat ngawangun paragraf the aya tilu.

1) Kohesi ('kesatuan' dalitna eusi)

Anu dimaksud kohesi nyaeta yen sakumna kalimah anu ngawangun hiji paragraf museur kana hiji ide/gagasan nu sarua. Hijи paragraf ngan miboga hiji gagasan utama.

2) Koherensi ('kepaduan' kakompakan wangun)

Koherensi nyaeta kakompakan hubungan antar kalimah anu ngawangun hiji paragraf. Unggal kalimah dihubungkeun ku sarana koherensi ngarah kalimahna koheren.

3) Ayana ide anu dimekarkeun

Unggal paragraf disusun ku kalimah-kalimah anu mangrupa wincikan tina hiji ide/gagasan eta paragraf.

2.6. Rupa-rupa Paragraf

Paragraf bisa dibagi-bagi dumasar tujuanana jeung tempat ayana kalimah utama.

a. Babagan Paragraf Dumasar Tujuanana

Dumasar tujuanana, paragraf bisa dibedakeun jadi tilu rupa: 1) paragraf bubuka; 2) paragraf panghubung; jeung 3) paragraf panutup.

1) Paragraf bubuka

Paragraf bubuka gunana pikeun nganteurkeun nu maca kana pasualan anu baris dipedar. Ku kituna, paragraf bubuka kudu bisa narik ati tur ngahudang ka panasaran nu maca.

2) Paragraf panghubung

Masalah pokok anu rek dipedar aya dina paragraf panghubung. Paragraf panghubung eusina mangrupa inti pasualan anu hayang ditepikeun. Ku sabab kitu, paragraf panghubung biasana mangrupa paragraf anu pangpanjangna.

3) Paragraf panutup

Paragraf panutup tujuanana nyaeta pikeun mungkas hiji karangan. Paragraf panutup bisa diwangun ku:

- (i) ringkesan tina ide-ide pokok/argumen-argumen anu geus ditepikeun.
- (ii) ebrehan harepan/pamadegan pangarang ngeunaan hiji hal luyu jeung nu ditulisna.
- (iii) panganteb hal-hal anu dianggap penting dina paragraf panghubung.
- (iv) klimak tina hiji carita (lamun naratif). atawa
- (v) lamun anu ditulisna ngeunaan proses nyieun hiji hal; paragraf panutupna mangrupa paragraf anu ngebrehkeun yen pagaweanana geus rengse.

Perhatikeun conto karangan ieu di handap.

Bangsat Kabel Teleponjeung Tukang Tadahna

Sawatara waktu kaliwat di daerah Bogor kabel telepon aya nu megatkeun , panjangna ampir 100 meter. Ku pihak PT Telkom, utamana Witel IV Jawa Barat ieu polah kitu the dianggap aya motif husus sabab kabel telepon kiwari mah lain kabel tambaga kawas baheula, tapi serat optik, fiber glass. Kawat gelas anu sagedena ngan sagede buuk, tangtuna ge pikeun umum mah taya gunana. Jaba babari pararotong the, dina nyambungkeunana oge kudu make mikroskop husus.

Tapi bulan Maret ka paremnakeun di Kertasemaya Indramayu jeung Kabupaten Serang, kabel serat optik the geus aya nu megatkeun deui wae. "Bisa jadi aya panadahna di Tanjung Priok, Jakarta, ceuk Drs. Musnan Ak di hareupeun Komisi D, DPRD Jawa Barat.

Aya opatan bangsat kabel serat optik di Indramayu jeung Serang nu geus kacerek.

Diterangkeun oge ka komisi D ceuk Musnan, kabel serat optik dipakena leuwih optimal kapasitasna. Mun kabel biasa (tambaga) ukur bisa nampung 8000 percakapan telepon, serat optik fiber glass bisa 40.000 leuwih.

Ku mindengna serat optik aya nu megat-megatkeun aya nu maralingan, Musnan oge teu mungkir lamun aya motif politis (sabotase) tangtuna ge ditujukeun ka Pamarentah. Ku kituna, Musnan meredih ka aparat, kaamanan, Kodim, Koramil, pihak pulisi, katut masarakat milu nalingakeun kana kabel telepon di wilayahna masing-masing. Angot nyanghareupan Pemilu mah.

(Galura, Minggu III, Mei 1992)

wacana di luhur the diwangun ku lima paragraf. Paragraf munggaran mangrupa paragraf bubuka. Paragraf kadua, katilu, jeung kaopat mangrupa paragraf panghubung. Paragraf kalima mangrupa paragraf panutup.

b. Babagian Paragraf Dumasar Tempat Ayana Kalimah Utama

Dumasar tempat ayana kalimah utama, paragraf bisa dibedakeun jadi opat rupa: 1) paragraf deduktif; 2) paragraf induktif; 3) paragraf deduktif-induktif; jeung 4) paragraf deskriptif.

1) Paragraf deduktif

Paragraf anu kalimah utamana aya di awal paragraf disebut paragraf deduktif. Anu dimaksud di awal paragraf the bisa kalimah kahiji atawa kalimah kadua. Paragraf deduktif dimimitian ku nyaritakeun jejer pasualan terus kana wincikan-wincikan tina jejer tadi. Paragraf deduktif dimimitian ku ngebrehkeun hal-hal anu umum terus kana hal-hal anu husus.

Conto paragraf deduktif:

Basa Sunda the basa nu hiru. Mungguhing basa anu hirup iwal ti miboga papagon jeung kaedah adegan struktur anu mandiri jeung sifat-sifat katut ciri wangun jeung harti anu meh angger, miboga oge karep rancage (kreatifitas) anu salawasna dinamis dina enggonging nyorang parobahan ti mangsa ka mangsa. Ayana parobahan ti mangsa ka mangsa the biasana ku lantaran keuna ku pangaruh luar balukar ayana kontak basa jeung budaya lian, jeung ku lantaran ayana daya robah ku swadaya sorangan nu tumuwuh sacara alamiah.

(Panitia Perumus Kongres, 1998:21)

2) paragraf induktif

Paragraf induktif mah sabalikna tina paragraf deduktif. Paragraf induktif nyaeta paragraf anu kalimah utamana aya di ahir paragraf. Paragrafnna dimimitian ku kalimah-kalimah panambah terus kana klimaks nyatana kalimah topik.

Conto paragraf induktif:

Mimitina mah hayang seuri naha nulis-nulis bae kudu aya mata kuliahna. Ceuk pangrasa sanajan teu diajar oge da nulis mah geus bisa. Tapi sanggeus ancrub diajar, anggapan di luhur the salah kabina-bina. Horeng lamun hayang nulis anu hade mah loba pisan aturanana. Tina ebrehan di luhur, kuring nyokot kacindekkan yen *diajar nulis the kacida pentingna*.

3) Paragraf deduktif-induktif

Paragraf deduktif-induktif atawa paragraf campuran nyaeta paragraf anu kalimah topikna aya di awal jeung ai ahir paragraf. Paragrafnna dimimitian ku kalimah topik terus kalimah panambah sarta dipungkas ku kalimah topik deui anu sabenerna mangrupa panganteb tina kalimah munggaran.

Conto paragraf deduktif-induktif:

Omongan manusa the hakekatna mah ngandung harti anu gumulung tina opat aspek, nyaeta tema, rasa, nada, jeung amanat. Tema nyaeta jejer nu keur dicaritakeun; rasa nyaeta harti disawang tina sikep panyatur kana tema; nada nyaeta harti disawang tina sikep panyatur ka paregep; jeung amanat nyaeta maksud anu ditujukeun ku panyatur ka paregep. Hal ieu the luyu jeung pamadegan Shipley anu netelakeun yen *harti the hakekatna ngadukung hiji tema (sense), rasa, (feeling), nada (tona), jeung amanat (intension)*.

3) Paragraf deskriptif

Beda jeung paragraf deduktif, induktif, atawa campuran paragraf deskriptif mah kalimah topikna sumebar dina unggal kalimah anu ngawangun eta paragraf. Paragraf nu kieu biasana kapanggih dina pedaran anu sifatna deskriptif (ngagambarkeun) atawa naratif (nyaritakeun).

Conto paragraf deskriptif:

Mang Kartu ngahuleng sajongongan, garo-garo teu ateul. Bangun anu bingungngadenge kuring rek ngadon pere di ditu the. Boa manehna mah geus poho kana surat kuring bareto, atawa bareto mah ngahaminan soteh ukur heueuh-heueuh bueuk.

(*Mangle*, No. 1348, 1992:28)

2.7. Pola Susunan Paragraf

Mekarkeun paragraf gumantung kana ide anu baris dipedar dina eta paragraf. Nu nulis bisa ngaluyukeun tulisanana gumantung kaperluhan. Tapi nu nulis bisa mekarkeun paragrafnna saperti pola-pola susunan paragraf ieu:

1) Cara alamiah

Nu nulis mekarkeun paragraf dumasar kana pola anu aya nurutkeun obyek kajadian anu dicaritakeun. Cara alamiah ieu bisa make dua cara nyaeta nurutkeun runtulan waktu (kronologis) jeung nurutkeun runtulan ruang (spasial).

(i) Runtusan waktu (kronologis)

Susunan paragraf anu ngagambarkeun kajadian-kajadian atawa proses-proses dumasar runtusan waktu kajadiananana.

Contona:

Ngawitan ngagolakeun cai kinten-kinten tilu atawa opat gelas. Teras leunca, tempe, salam, laja, sereh, tomat, sareng gula digebruskeun kana cai nu tos ngagolak. Bawang bodas sareng bawang beureum direndos sing lemes teras digebruskeun deui ka dinya sareng kecap amis tilu sendok oge uyah. Digodog dugi ka macak-macak.

(Galura, Minggu III, Maret 1992)

(ii) Runtusan ruang (spasial)

Cara ieu nungtun ka nu maca nyaritakeun ti hiji titik kana titik satuluyna anu aya patalina jeung rohangan. Upamana nyaritakeun ti hareup ka tukang, ti luar ka jero, ti luhur ka handap, ti katuhu ka kenza, jeung sajabana.

Contona:

Kabeneran sanajan ukur sagede pelaok geus nanclebkeun imah di palataran mitoha. Da di dinya anu aya lahanna. Waktu salametan leuleutikan nyalametkeun imah, ari batur-batur anu diarondang jeung anu babaranu sagawena sacabakna di dapur jeung di imah jarongjon barang dahar, anu nguah, anu tuhuran, anu nyate, jeung anu ngopi tapi ari Ema bet ... andiprek bae di juru nalingakeun anu sacabakna sagawena. Teu katingali barang dahar. Teu cai-cai acan. Malah terus rurusuhan balik.

(Mangle, No. 1344, 1992:6)

2) Klimaks jeung antiklimaks

Gagasan utama mimitina diwincik tina gagasan anu sahandapeunana. Tuluy saeutik-saeutik naek antukna nepi kana gagasan anu dianggap pengpentingna. Pola ieu disebutna pola klimaks.

Contona:

Wangunan traktor ngalaman parobahan ti jaman ka jaman luyu jeung kamajuan teknologi anu diciptakeun ku manusa. Waktu kajayaan mesin uap, aya traktor anu dijalankeun ku mesin uap. Waktu jaman tank, traktor oge nurutan modelna kawas tank. Tulunya tina model ieu nyaeta traktor roda rante anu ayeuna oge masih diparake. Traktor ieu mangrupa hasil ciptaan pausahaan Carterpillar. Lian ti Carterpillar, Ford oge embung eleh. Nya kitu deui Jepang. Produksi Jepang di Indonesia anu kamashur nyaeta traktor pare anu modelna geus ngalaman parobahan tina model-model samemehna.

(Disundakeun tina seratan Keraf, 1980)

variasi tina klimaks nyaeta antiklimaks. Dina antiklimaks mah nu nulis mimitina ngebrehkeun gagasan anu dianggap pangpentingna/pangluhurna terus kana gagasan anu leuwih handap.

3) Umum-husus atawa husus-umum

Dina mekarkeun paragraf cara umum-husus atawa husus-umum panglobana dipake. Cara umum ka husus hartina nu nulis mimitina ngebrehkeun hal-hal anu umum terus kana hal-hal anu husus (= pola deduktif). Sabalikna cara husus-umum mah nu nulis mimiti ngebrehkeun hal-hal anu husus terus kana hal-hal anu sifatna umum (= induktif).

Conto paragraf cara umum-husus

Komposisi carita nyaeta tata susun cara ngagambarkeun kajadian. Tata susun ieu raket patalina jeung plot. Aya dua cara ngagambarkeun kajadian anu bisa digunakeun ku pangarang nyaeta komposisi analogi jeung komposisi kontras.

(Rangkuman jeung Analisis Bac. Sastra)

Conto paragraf cara husus-umum

Nganalisis karya sastra kudu diluyukeun jeung naon-naon anu dipoga ku karya sastra anu dianalisis. Alus gorengna hiji karya anu jadi pakakas pikeun nepikeun eusi hate kudu diukur ku norma-norma anu mandiri anu beda jeung ukurankarya-karya lianna. Hal ieu the luyu pisan jeung salah sahiji pamadegan anu ngebrehkeun yen sastra mangrupa hiji wanganan komunikasi anu miboga sifat-sifat jeung disiplin anu mandiri.

(Rangkuman jeung Analisis Bac. Sastra)


PERTEMUAN KE: 7-16

POKOK BAHASAN: 1. Ejaan

- a. Arti ejaan
- b. Aspek-aspek ejaan
 - 1) aspek fonologis
 - aturan makna aksara
 - (i) abjad
 - (ii) vokal
 - (iii) konsonan
 - aturan nuliskeun aksara

- (i) aksara gede
- (ii) aksara condong
- (2) aspek morfologis
 - aturan nuliskeun kecap
- (i) kecap asal
- (ii) kecap turunan
- (iii) kecap rajekan
- (iv) kantetan kecap
- (v) kecap sulur
- (vi) kecap pangantet
- (vii) angka jeung lambang bilangan
- 3) aspek sintaksis
 - (i) tanda titik (.)
 - (ii) tanda koma (,)
 - (iii) tanda titik koma (;)
 - (iv) tanda titik dua (:)
 - (v) tanda geret (-)
 - (vi) tanda pisah (-)
 - (vii) tanda elipsis (...)
 - (viii) tanda tanya (?)
 - (ix) tanda panyeluk (!)
 - (x) tanda kurung (...)
 - (xi) tanda kurung siku [...]
 - (xii) tanda kekenteng (“...”)
 - (xiii) tanda kekenteng tunggal (' ... ')
 - (xiv) tanda gurat condong (/)
 - (xv) tanda panyingget/apostrof (')
- 2. Raguman
- 3. Resensi
- 4. Kritik Sastra

LANGKAH-LANGKAH PROSES BELAJAR MENGAJAR



Sawatara Bukur Catur Ngeunaan

BASA SUNDA GEUSANING SUSASTRA

Kumaha Peran Rumaja?

Ku: Dr. Yus Rusyana

Basa Sunda Geus Jadi 'Basa Susastra'

Basa Sunda geus mangabad-abad jadi basa susastra, ti baheula tug tepi ka ayeuna. Dina basa Sunda gelar hasil-hasil sastra, boh lisan boh tulisan, dina sapanjang jaman, sastra nembongkeun kungsi lawung jeung sastra-sastra deungeun anu kakoncara dina mangsana, saperti sastra sansekerta, satra Islam, jeung sastra Eropa, kitu deui jeung papada sastra nusantara, hususna sastra Jawa jeung Malayu, ayeuna katambah ku sastra Indonesia. Atuh sastra Sunda euyeub ku karya-karya, boh nu asli boh nu asal pangaruh kosta, sarta sastra Sunda mekar ngindung ka usum. Di urang kapanggih, upamana, dongeng, carita pantun, hikayat jeung babad dina wawung wawacan, novel, carita pondok; sisindiran, pupujian, sawer, mantra, guguritan jeung sajak; longser, gending karesmen, drama. Kiwari ge masih medal karya-karya nu alanyar.

Basa Sunda nu dipake dina sastra Sunda tanwande napak kana basa Sunda dina mangsana, tapi lian ti kitu, ngagem sipat-sipat nu ilahar dina ragam basa sastra. Dibandingkeun jeung basa Sunda anu dipake sapopoe, basa Sunda anu dipake dina sastra mah sakalian deuih kaancikan ku naon-naon anu aya dina sajarah basa Sunda. Ku lantaran kitu, loba kabeungharan basa anu tetep manggapulia dina sastra, padahal, upamana, dina sapopoe mah geus langka kapanggih. Dina sastra, basa Sunda the lain diarah maksudna wungkul, tapi wujud basana oge diutamakeun, tegesna, kekecapan jeung kalimah geusaning ekspresi lain bae diala hartina, tapi sora, wirahma, katut rasana oge heunteu dimomorehkeun. Rupa-rupa kamungkinan anu ngancik dina basa Sunda, kayaning purwakanti, wirahma, wangunkecap, unggara kalimah, konotasi kecap, jste, ku pangarang dicoba diebrehkeun dina sastra. Tegesna, basa anu dipake dina sastra ngebrehkeun jengglengan basa sapuratina.

Kagiatan Nyastraa

Kagiatan urang dina makumbuhan jeung sastra katembong sacara lahiriahna dina kagiatan-kagiatan maca hasil sastra, nulis karya sastra, ngaregepkeun karya sastra, jeung nyaritakeun karya sastra.

Kagiatan maca, meureun ieu anu pangilaharna dina makumbuhan jeung sastra. Ku maca urang wawanohan jeung karya sastra, atuh leuwih jerona makumbuhan jeung hiji tradisi sastra. Unggal karya sastra beda-beda kabacana jeung kasurtina ku masarakat. Naon anu jadi kapogot nu maca, teu sarua dina saban usum. Tapi, sok sanajan kitu, karya-karya anu ngawangun pakumbuhan sastra Sunda, sakabehna kudu meunang perhatian urang. Tangtu eta the teu bisa laksana kitu bae. Karya-karya anu heubeul jeung nu anyar kudu digelarkeun di perpustakaan jeung toko buku, atuh karesep jeung kamampuh maca hasil sastra Sunda kudu diusahakeun kalayan sadar, boh ku pokal sorangan, boh ngaliwatan pangajaran.

kagiatan nulis, meureun pangpangna hancengan pangarang atawa sastrawan. Tapi, anu kasebut sastrawan, sabenerna lain gelar maneuh, tapi gelar anu patali jeung kagiatan ngahasilkeun karya. Atuh sing saha bae oge, boh nu geus kolot boh nonoman rumaja, ulah teuing ngarasa kasengker pikeun ihtar ngahasilkeun karya sastra ku dumeh lain “pangarang” atawa “sastrawan”.

Kagiatan nulis dina basa Sunda eta the jadi geusan gelarna wujjud basa Sunda anu hirup hurip, anu terus ngaanyaran. Lamun tea mah tepi ka potna taya nu nulis, sastra Sunda tanwande kana madegna, nya kitu deui basana. Ti bahari nepi ka kiwari, aya bae tarekah masarakat Sunda pikeun nyadiakeun lahan geusan kagiatan nulis, ti mimiti naskah daun nipah, tuluy daluwang, nema kana buku anu dicitak katut koran jeung majalah. Atuh anu nyaroba ngarang, heunteu heunteu kungsi ngarangrangan. Ngilesna pangarang heubeul kapan kagantian ku daratangna nu alanyar.

Lian ti maca jeung nulis, aya keneh kagiatan sejenna, bangsning ngaregepkeun hasil sastra, upamana wawacan nu dibelukkeun, carita anu dibaca atawa disandiwara radiokeun, sajak anu dideklamasikeun, drama anu dipentaskeun. Ieu oge kagiatan nyastra anu kudu dibere rohangan.

Kagiatan nyaritakeun, ngawangkongkeun, atawa jauhna ngabahas hasil sastra, boh dina riungan leuleutikan boh dina pasamonan gede bangsaning seminar, eta oge gede gunana dina wawanohan jeung karya sastra.

Mikir, Nyurti, jeung Ngebrehkeun Diri

Kagiatan-kagiatan nu kasebut di luhur the, anu katembong juringkangna, sabenerna mah wujud tina kagiatan anu leuwih leleb, nyaeta mikir, ngaapresiasi, jeung ngaekspresi.

Boh ku maca boh ku nulis karya sastra, kitu deui ku ngaregepkeun jeung ngabahasa sastra, urang the heunteu lesot tina mikir. Dina sastra kaeunteungkeun rupa-rupa masalah dina alam kanyataan, nyaeta kahirupan manusa katut sagala rupa anu patali jeung eta. Kapan eta the pikiraneun anu maca, anu dina sapopoe mah arang langka ngahaja ngalenyepan nu karitu.

Lain bae mikir, dina kagiatan makumbuhan jeung sastra the urang sakalian nyurti ajen-ajen anu luhur, kahadean, kaendahan, kamangpaatan, da kapan kasebut karya sastra, kaancikan ajen-inajen. Ku maca, ngaregepkeun atawa ngabahas karya sastra, urang the usaha ngaapresiasi eta ajen-ajen tea.

Sakalian deuih ku kagiatan nyastra the urang ngebrehkeun diri. Teu salawasna urang bisa ngebrehkeun nu kacipta nu karasa dina wujud anu nyeples. Tah ku kagiatan nyastra, urang meunang jalan pikeun milu ngeces ngebrehkeun diri sorangan, malah ngeces ngebrehkeun pakumbuhan urang deuih.

Ilubiungna Para Rumaja

Tina anu dipedar di luhur bawirasa tetela yen kagiatan nyastra the gede pimangpaateunana, boh pikeun diri urang, boh pikeun kahirupan basa Sunda, atuh legana pikeun budaya urang.

Ayeuna jeung ka hareupna kumaha?


Eta mah beunang dipaluruh, naha urang sarerea, hususna anu ngarora katut rumaja, geus loba ilubiung dina kagiatan anu kasebut di luhur atawa tacan? Naha kagiatan maca karangan sastra geus cukup ubyg sarerea atawa masih keneh ancal-ancalan? Kumaha buku anu dikaluarkeun ayeuna ku panerbit, laris? Kitu deui, naha rea anu langganan jeung maraca majalah basa Sunda? Najan encan nyumponan nu kapiang-

angen, tapi ari disebutkeun euweuh teuing mah heunteu, kapan. Buktina buku sastra katut majalah basa Sunda mayeng bae geuning.

Kitu deui nu narulis, kapan loba nu ngarora jeung rumaja anu nyoba ngarang sajak, carita pondok, jeung wangun lianna. Jadi, aya bae arep-arepeun mah. Geuning usaha ngayakeun kursus ngarang disanggut ku para rumaja kalayan gawok.

Kagiatan lianna, bangsa pentas drama Sunda, diskusi, jeung pameran buku-buku sastra Sunda meunang perhatian alus ti para rumaja.

Komo bae eta kagiatan-kagiatan the kudu dironjatkeun, leuwih loba, leuwih alus, leuwih mayeng. Eta sakabehna pangpangna mah gumantung kana karya gawe urang sarerea bae.



Penilaian/diskusi

KARI KOLOTNA WAE ...

Dongeng-dongeng parondok, ditulis make basa budak. Gumantung kana tarekah guru di sakola jeung kolot barudak sangkan ieu buku dimangpaatkeun.

Kakara sanggeus leuwih ti 50 taun aya buku dongeng sasakala nu medal deui. “Dongeng Sasakala” I jeung II dikarang masing-masing ku Moh. Ambri - kahijina - jeung ku R. Satjadibrata, kaduana. Ti harita ngampleng puluhan taun teu aya deui boh anu nema, boh karya pangarang lian, nu mangrupa versi sejen, Kungsi eta oge aya sababaraha judul buku bacaean barudak tapi eusina teu jauh ti babon nu geus aya, ukur mangrupa pindocatur, cara “Sasakala Situ Bagendit” atawa “Sangkuriang”.

Dongeng-dongeng sasakala nu kungsi medal baheula tea - dikaluarkeun ku Bale Pustaka - nepi ka taun 50-an mah sigana dipikawanoh keneh, boh pedah kawenehan manggihan bukuna nu heubeul tea, boh maca edisi anyarna, da kungsi dipindo citak. Moh. Ambri jeung R. Satjadibrata, enggonging nuliskeun deui dongeng-dongeng sampakan the make basa “kolot”, kalimah-kalimahna paranjang, ungkara jeung kandungan eusina oge mikabutuh ku kasurtian nu geus sawawa. Sigana harita eta buku anu dua jilid the ngahaja dikaluarkeun pikeun bacaan umum atawa mun tea mah keur bacaan di sakola, tangtuna oge bacaean guru-guruna, dongengkeuneun deui ka barudak sacara lisan ku basa anu basajan.

Kakara ayeuna medal deui buku “Dongeng-Dongeng Sasakala” nya puguh bae geus meujeuhna pisan, lantaran sakitu lawasna ngampleng, pangpangna pikeun bacaan barudak, nu ngahagalkeun ditulis (dikumpulkeun) mangrupa kumpulan dongeng.

Bedana jeung dongeng sasakala “versi buhun”, nu ayeuna dikumpulkeun ku Ki Umbara mah estuning enya-enya dongeng keur barudak. Ditulisna make basa nu basajan, da ditulisna oge ku barudak, nu dikumpulkeun dina ieu buku kungsi dimuat dina *Mangle Alit*. Rata-rata panjangna oge ukur dua tilu kaca, atuh barudak the moal capeeun macana. Bisa ditungtut saeutik-eutik, tina 26 judul dongeng sasakala dina buku anu kandelna 90 kaca the.

Parondok tapi asa leuwih euyeub. Rea dongeng-dongeng anu sipatna lokal, nu ngan dipikawanoh ku masarakat di hiji wewengkon (*Jengkol, Hileud, Cika-Cika*). Atawa anu ngaharib-harib kana dongeng sampakan ngan aya raehanana sautak-saeutik (*Kuya Ngagandong Imahna, Samagaha Bulan*). Aya oge versi sejen nu sama sakali beda, antara *Japati Beureum Sukuna* dina ieu buku jeung japati nurutkeun carita jaman Nabi Enoh. Tina dongeng mancanegara oge aya nu diasupkeun upamana wae *Banteng Tandukan* dipatalikeun jeung sasakala Gnu, sato siga kuda di Afrika tapi tandukan jeung mimiti kapendakna tangkal kina bisa dipake ubar muriang ku urang Indian (kaca 63).

Dongeng-dongeng sasakala nu remen jadi carita jeung pohara dipikawanoh dina ieu buku heunteu dipidangkeun deui, upamana wae Sasakala Sangkuriang, Situ Bagendit, Pandeglang, Uncal Tandukan jeung lian-lianna.

Ieu buku medal dina mangsa anu merenah pisan, lantaran barudak ayeuna leuwih wanoh kana Kura-Kura Ninja batan Si Leungli, Sakadang Peucang jeung Sakadang Kuya. Terang saha ari Dora Emon tapi teu apal ka Lutung Kasarung.

Ngan meureun lajuning lakuna, kumaha? Bisi we buku the ukur jadi purah tunggu lomari perpustakaan sakola. Heunteu nepi ka barudak, heunteu kungsi ditaraca! Cumah atuh najan dicitak dijieun buku oge.

Meureun ieu the tanggung jawab sarerea, pangpangna kolot barudak jeung guru-guru di sakola. Pangna kitu, minat baca barudak masih keneh kudu diipuk, sina tumuwuh. Mun di sakolana aya perpustakaan, nya kudu dimangpaatkeun. Barudak macana ditalingakeun, boh di sakola, boh di imahna masing-masing. Nu matak perlu pisan gawe babarengan antara guru jeung kolot barudak.

Atawa sugar aya kolot nu sadar, ngahaja meulian buku-buku bacaan bacaan keur barudakna. Atuh puguh idealna mah nya nu kieu pisan.

Jadi ceuk kitu, ceuk kieu kari kumaha kolotna wae. Najan ieu buku the pohara alusna tapi kana bakal nalapung, mubadir tea mun seg dilurjeunkeun heunteu digawar-gawar.

Minangka catetan pamungkas, aya keneh kasalahan nu pangdasarna tapi sigana teu kapalire. Dina ieu buku sababaraha kecap anu sorana kuduna e pepet ditulis jadi eu atawa sabalikna, nu kuduna sora the dilambangkeun ku eu bet ditulis jadi e pepet.

B. KARAKTERISTIK RESENSI

1. Wangenan

Resensi dina basa Inggeris disebut review nyaeta kumpulan buku jeung majalah. (1980:180). Resensi oge bisa dihartikeun: kagi8atan mere tinimbangan atawa kagiatan madungdengkeun hiji buku. (KBBI, 1987:837).

Nurutkeun Keraf mah resensi the nyaeta:

- 1) Jenis tulisan nu raket patalina jeung ihtisar atawa tingkesan, jeung 2) tulisan nu ngalaporceun kalawan singget ajen hiji karya atawa hiji buku. (1984: 274).

2. Acuan Resensi.

Resensi ngacu kana hiji tujuan nya eta nyodorkeun fakta ka nu maca, yen hiji buku atawa hiji karya the pantes jeung kudu dibageakeun atawa henteu pantes sama sakali.

Nilik kana tujuanana, nu nulis resensi kudu apal jeung mikaweruh kumaha cara nyodorkeun fakta kasebut. Nu nulis resensi dituntut kudu mertimbangkeun selera pasar (nu maca). Ku lantaran kitu, resensi nu diwartakeun dina hiji koran atawa majalah, moal sarua jeung nu diwartakeun dina koran atawa majalah senna. Hal ieu gumantung kana jenis, sifat, karakteristik koran/majalah kasebut; naha nujukeun aspek hiburan atawa kaseriusan pendididkanana.

3. Faktor Dasar.

Nu nulis resensi kudu objektif jeung seukeut paningalna kana hiji karya atawa hiji buku nu rek diresensina. Nu nulis kudu merhatikeun dua faktor, nyaeta: kahiji nu nulis kudu weruh jeung faham tujuan pangarang buku atawa tujuan hiji karya nu dipagelarkeun, jeung kaduana nu nulis kudu sadar jeung faham naon maksud sabenerna pangna manehna nyieun hiji resensi.

Pikeun maluruh faktor kahiji, biasana pangarang buku ngungkab tujuanana dina panganteur atawa dina bubuka bukuna. Ti dinya nu nulis resensi kudu ngungkab sagemblengna buku, naha enya tujuan pangarang the direalisasikeun dina bukuna? Atawa henteu? Lamun hal eta geus kaungkab jeung kacangking, nu nulis resensi bakal boga dasar nu wedel pikeun bahan tulisanana.

Dina maluruh faktor kadua, nu nulis resensi kudu nempatkeun maneh (*point of view*) salaku *pengabdi*, nu mibanda kawajiban nedunan hak pamaca, Nu nulis resensi kudu weruh jenis jeung karakteristik koran; pikeun masarakat anu mana; jeung kasang tukang masarakat nu kumaha nu macana, nepi ka nu nulis bisa nangtukeun selera nu macana.

Jadi, kawajiban nu kudu dicomponan ku nu nulis resensi the nya eta: nohonan kawajiban ka nu maca jeung mere ajen kana buku atawa pidangan karya nu diresensina.

4. Ambahan/Ruang Lingkup Resensi.

Mekarna elmu pangaweruh jeung sosial nyababkeun ruang lingkup resensi oge mekar jeung ngarekahan. Wangenan resensi lain wungkul diterapkeun kana hiji jenis kgiatan, misalna ukur ngaresensi buku, tapi resensi oge bisa diterapkeun kana jenis-jenis karya lianna.

Ruang lingkup resensi bisa ngurung jenis-jenis karya ieu di handap.

1. Resensi Buku

- a. Fiksi
- b. Non Fiksi.

2. Resensi Seni

- a. Musik; pagelaran seni musik, tampilan sola, paduan suara, rampak sekar, jste.
- b. Rupa; lukisan, seni instalasi, pameran, jste.
- c. Drama; turgi, tradisional, kontempoler, teater, jste.
- d. Tari; drama tari, sendra tari, tari solao, tari rampak, jste.

3. Resensi Budaya

- a. Filem
- b. Orasi budaya.
- c. Pagelaran seni (nu ngalibetkeun unsur seni musik, drama, sastra, tari, jeung rupa).

5. Karakteristik Resensi Buku

resensi buku nepi ka danget ieu jadi kagiatan nu penting jeung utama. Nu nulis resensi buku kudu boga kayakinan diri pikeun modal kawani nulis resensi buku. Eta kayakinan the nyaeta: nu maca tangtu boga kapanasaran nu kudu dijawab tina hiji pedalan

buku anyar. Maranehna tangtu hayang nyaho naon eta buku anyar the jeung kumaha jero-jerona? Tina sawatara kayakinan tadi, nu nulis resensi kudu nunjukkeun ka nu maca, yen buku anyar the asup kana golongan nu kumaha. Nu nulis resensi kudu nglasifikasikeun buku nu rek diresensina, jenis buku naon, naon sasaruaan atawa bebedaanana jeung buku-buku kelompokna, kumaha babandinganana, jeung kumaha ajen-inajenna.

Dina pidangan resensi buku aya karakteristik nu tangtu nu biasana ditulis ku nu ngaresensi, nyaeta (1) identitas buku, (2) bubuka, (3) eusi, jeung (4) panutup.

5.1 Identitas Buku

Identitas buku nyoko kana: judul buku, pangarang buku jeung taun terbitna, sarta kandelna buku. Tapi loba oge nu dilengkepan ku harga buku jeung toko nu nyadiakeun eta buku.

Identitas buku biasana diteundeun misah, di luhur, di handap, di tengah, atawa di gigireun wacana resensina. Atawa oge identitas diteundeun deukeut foto buku (foto jilid buku) nepi ka narik ati nu maca resensi.

Oknum (Kumpulan Carpon)

Hadi AKS

180 kaca

CV Geger Sunten, Bandung, 1999

Identitas buku teu meunang ditambahna atawa dikurangan, kudu sarua jeung aslina. Hal eta pikeun nuduhkeun yen buku aslina the persis sarua jeung identitas nu diwanohkeun ku nu ngaresensi. Leuwih jauhna pikeun ngagampilkeun ka nu maca upama hayang maca atawa meuli bukuna.

5.2 Bubuka

Bubuka dina resensi biasana midsangkeun kasang tukang jeung sawangan nu nulis resensi. Sawanganana biasana ngagambarkeun babandingan buku jeung buku nu aya samemehna, panganteur ti nu nulis resensi, jeung ancer-ancer mikawanoh jenis buku nu rek diwanohkeun ka nu maca.

5.3 Eusi

Eusi resensi nyaeta ngaguar buku nu diresensi. Biasana dimimitian ku eusi struktural buku: aya sabaraha bab; naon pedaran per bab; aya sabaraha judul; naon bae judul-judul leutik dina eta buku the; jeung saterusna.

Satuluyna nu ngaresensi nunjukeun hasil evaluasina, tinimbanganana, kritikanana, atawa wungkul nunjukeun kahengkeran jeung kaleuwihan eta buku. Nu ngaresensi midangkeun cutatan-cutatanana kana hasil nu dianggap hengker atawa hade tina eta buku. Nu nulis resensi mere penafsiran (ngainterpretasi kalawqan singget) kana eusi buku.

Dina eusi resensi, nu ngaresensi nunjukeun kumaha fakta organisasi (rangkay) eta buku, naha merenah, acak-acakan, ngalieurkeun, jeung lian-lianna. Satuluyna nu ngaresensi kudu merhatikeun bahasa buku boh tina adeganana (gramatikna), boh idiom-idiom nu dipakena, boh hal-hal nu mincut hate jeung nu rehe, boh kasalahan ketik jeung kasalahan ngeditna, kudu ditunjukeun ku nu ngaresensi.

Aya nu kudu diperhatikeun ku nu ngaresensi, nyaeta tulisan ulah nepi ka ngawawarkeun atawa ngaiklankeun eta buku, tapi kudu *ngawanohkeun* eta buku kanu maca bari ditungtun sina asup kana dunyana. Nepi ka ahirna sanajan ditunjukeun kahengkeran oge. nu maca resensi the katodel hatena turta hayang maca sagemlengna.


5.4. Panutup.


Dina panutup, nu ngarerensi kudu ngimpulkeun sakabeh keterangan nu geus dimformasikeun ka nu maca; kumaha seuhseuhanana; kumaha ajen eta buku; naha perlu dibaca pikeun nambahana wawasan, hiburan, atawa teu kudu dibaca sama sakali. Cendekna nu ngaresensi the mere lolongkrang jeung nuyun nuaca maca pikeun mikanyaho sagemlengna buku nu diresensina.

6. Sawangan Resensi Lianna.

Ngaresensi seni jeung budaya, teu jauh cara midangkeunana jeung resensi buku. Tatapina, ngaresensi seni jeung budaya mah merlukeun data nu faktual jeung aktual. Nu ngaresensi kudu nitenan langsung ka lapangan, samemeh acara dipagelarkeun. Nu ngaresensi bisa jadi kudu ngawawancara sutradara, pamaen, nitenan latihan pagelaran, nitenan kostum, eusi (kwalitas) pagelaran, jeung nu sejenna samemeh nulis resensina.

Midangkeun resensi senji jeung budaya dina wangu tulisan, teu jauh bedana jeung resensi buku. Tapi, dina resensi seni jeung budaya mah, nu ngaresensi kudu ati-ati nuliskeun istilah-istilah seni jeung budaya, ulah nepi ka salah tulis atawa salah ketik, komo bari teu apal jeung teu ngambung kana materi resensi mah, dipahing pisan. Pidangan resensi seni jeung budaya leuwih alus diwuwuhan ku foto-foto dokumentasi, pikeun mincut pamaca nepi ka hayang datang ka pagelaran.





CATETAN DUA CARITA PONDOK MANGLE NOMER IEU

Dina kasang tukang sosial anu beda, dua carita pondok anu kapidangkeun dina Mangle nomer ieu geus ngebrehkeun sasebit tina pasualan aktual mangsa-mangsa kiwari. **Raca** beunangna Maman Ma'ruf boa mangrupa profil sabagian sisu nu tanpa sadar ngalakonan nyorang cucuk-rungga rumah tangga. Disebutkeun tanpa sadar, dumeh loyog reujeung jalan pikiranana anu masih keneh basajan, cruk-crekna indung lain pedah kajurung ku tebeat awewe nu kurang pangger, 'binal', tapi boa alatan dialung boyongkeun ku kondisi sosial jamanna. Ilaharna di kampung milih jodo the langka didasaran ku pikiran anu mateng. Jodo the lain urusan pribadi, rea pihak anu pipilueun nangtungkeun pilihan, lain ngan jinisna bae.

Ieu saenyana anu baris jadi kakuatan carita pondok Maman Ma'ruf, **Raca**. Hanjakal eta unsur kakuatan the ku pangarang heunteu sina nangarkeun maneh. Pangarang ngan hayang nyaritakeun nasib indung bae, anu regel ku talak. Naon anu jadi sabab pangna kitu, sigana ku pangarang heunteu dianggap penting. Cukup ku kieu bae: `Karunyana ka Ema atuda ti jaman jadi mojang donto boboho keneh, nasibna the ngan crukcrek boga salaki, munggaran ka pulisi ... Ema the tos raca, raca sagala rupana. Hirup dikadarkeun kumelendang di dunya the kabagean euyeub ku nalangsa tunggara ...

Ku lantaran pangarang heunteu nembongkeun sikepna, **Raca** the ngan nepi ka ngebrehkeun kajadian bae. Sacara naratif, taya kategangan anu ngajaul atawa nyirorot ka handap. Tokoh indung teu karasa ngajirim. Teu kungsi nepi ka nu maraca si indung nu unik, rantab ku popotongan, raca ka tapak talak. Tokoh indung nepi ka pungkasan carita tetep samar-samar, teu teleb jengglenganana, sumawonna sora-sorana nu aya jeroeun dada mah.

Saenyanan **Raca** bisa jadi karya anu boga ciri mandiri, lantaran unsur-unsur anu ngarojongna geus nyampak, ngan bae heunteu dimangpaatkeun ku nu ngarangna. Suasana padesan, sikep hirup masarakatna, saenyanan bisa dijadikeun modal ku pangarang pikeun ngangkat karyana. Atuh anu ngajanggelek the karek nepi ka bagal bae, tacan imeut neuleuman jero-jerona ...

Loyog jeung lingkunganana, masalah anu aya dina **Amanat** beda jeung anu dina **Raca**. Sanajan duaanana oge mangrupa gambaran masarakatna urang jaman kiwari. Dina **Amanat** geus teu matotoskeun deui urusan moral, lantaran ukuran-ukurananana oge geus beda, geus leuwih logor. Teu awet lakian, cruk-crek bawirasa pikeun manusa kota, tokoh-tokoh dina **Amanat** geus teu jadi bangbaluh pikiran. Malah boa nu karitu geus dianggap barang lumrah. Teu mustahil aya kesan nganggap lulucon oge.

Nu dicaritakeun ku Mitha Sas. Edi dina **Amanat** kumaha geus mabalna ukuran moral anu dianut ku manusa kota. Sacara frontal kaayaan kitu the ku pangarang dilawungkeun jeung sikep hirup kuring nu masih keneh aya dina alam kampung, dina kahirupan manusa anu tacan parna kahebos ku modernisasi.

Aya kesan si tokoh carita pangna manehna robah tangtungan dumeh kaanteur ku kaayaan, dumeh kabawa ku kabisaaan lingkungan, da geuning ari dina galeuh-galeuhna mah masih keneh nyangkaruk rasa kaduhung jeung rasa salah:

“Hampura ana. Sukur ente mah leket kana ibadah. Asa diingetan. Ka Abah mah omat ulah rek cacarita. Ulah rek diucah-aceh ... “ pokna daria naker.

Bawirasa **Amanat** the mun dipungkas nepi ka dinya oge meujeuhna. Tapi pangarang bet kajongjonan, hayang teuing nangarkeun amanatna, nepi ka carita the disambung deui ku alinea-alinea saterusna.

Ari kamari basa usum nu ibadah haji ka Mekah, manehna nyuratan menta dijajapkeun ka Jakarta rek iang nyumponan rukun agama.

RACA

Datang the geus reup-reupan, pas bedug magrib palebah golodogpisan. Panto dibuka. Ema kasampak keur neuteup panto dapur nu geus kuleuheu ku haseup hawu. Di payuneun Ema, damar cempor kakalincesan kahebos angin katiga. Pucuk cempor

sakapeung lempeng ngajaul lalangit nu saruana hideung ku rangasu. Gambar-gambar meunang kuring ngahaja nyieun lima taun ka tukang, ngagarantung semu dengdek, sawareh ngan ukur napel sabeulah teu dibenerkeun, atuda sok kaburu ngobrol ngaler ngidul jeung Ema, ari tepung the.

“Teu jeung barudak?” saur Ema, alum.

“Teu, Ma!” ceuk kuring pondok. Lain teu hayang alewoh nyaritakeun barudak teu dibawa.

“Calageur?” saur Ema, solongkrong kuring ngajak sasalaman.

“Sae, Ma!”

“ Ka mana Abah?”

“Nya ka Cipasir, ka nu ...” saur Ema teu kebat. Padahal mah kuring oge leuwih ti surti kana kasauran Ema. Ema teu wasa neruskeun kasauranana. Ku kuring karampa manahna, anjeunna nuju kusut hate diwewejet, digerihan ku hinis. Kacipta manahna rumek lir kaca lomari nu deukeut meja di juru dapur, nu geus lamedong ku haseup, bubuhan unggal poe dipuput tina hawu. Lain Ema tara beberesih tapi kitu ilaharna kaayaan di kampung. Manah Ema pinuh ku rangasu kabingung, wuyung kalbu ngagem sareburucuk rungga. Memang Ema kaaasup tabah emutanana, padahal lamun kuring nu jadi anakna, ngabandungan anjeunna ti keur mangsa rumaja putri, kawasna jujutan caritana, euyeub keneh ku katunggara tibatan carita endahna. Eta bae numutkeun kasauranana, basa kuring piisukaneun rek kawin ka nu ayeuna. Ema kungsi sasauran, gegedena neundeun amanat ka nu jadi anakna, kuring anpanengah. Pokna: “Ujang, hidep kiwari geus mangsana misah ti nu jadi kolot, bakal nyorang alam nu kacida ganjorna jeung kahirupan mangsa urang babarengan sadahar sainum, ma`lum jeung batur sagetih batur saturunan. Anu matak kitu kado ti Ema mah ngan ukur dunga, muga-muga Ujang hirup laki-rabi jeung Nyi Royani aya dina kalangsaran, rido Alloh Anu Maha Kawasa ...” saur Ema bari ngembeng cisocana.

Kuring teu nembalan da juuh ku cipanon, ngangres jeung rupa-rupa rasa, gegedena sedih bakal papisah jeung Ema, dina harti pisah imah-imah. Hate ngan ukur nyebat amin, muntang-muntang ka Alloh, muga sapaneja Ema dikabul. Masih keneh inget kana

kasauran Ema, basa rek sajungeun balik ka imah mitoha, Ema kungsi sasauran kieu, “Kade Jang, ka pamajikan the kudu nyaah lir nyaahna hidep ka Ema ...”

Ari ayeuna bet kalah tibalik kuring nu sok ngelingan ka Ema sangkan sabar tawekal dina nyanghareupan rupa-rupa karudet tina hal rumah tangga, babakuna kuring sok wani ngelingan the ka Abah, salaki Ema, lain sapedah wani ka bapa tere, tapi dina harti kuring karunya ka Ema sangakn Abah kudu panceg dina tetenger, gunung pananggeuhan Ema, sanajan kanyaah kuring the sakapeung mah ngan ukur tina ucapan wungkul.

Lain hartina kuring tara barang bere, ngan nyaeta ari keur kaayaan teu nyampak mah, bororaah bisa mere indung bapa, keur anak kuring oge ceuk paribasana dahar isuk heunteu sore, lain ngahinakeun diri sorangan, ngan kanyataanana memang kieu. Lain kedul teu usaha, dalah dikumahakeun kuli macul aya usumna, dagang peuyeum aya usumna. Ari keur nganggur ka mana nya usaha, werit hirup di kampung. Anu matak pantes kuring sakapeung mah ngan bisa ngelingan; kituna the bakating ku karunya jeung nyaah ka nu jadi indung, peupeejeuh ti dituna mah meureun. Tapi boh Abah boh Ema lamun kuring keur ngocoblak da`wah, sok daria ngahaminan, ngajenan ka anak nu rada ... ngarti.

Karunyana ka Ema atuda ti jaman jadi mojang donto boboho keneh, nasibna the ngan crukcrek boga salaki, munggaran ka pulisi, putraan lalaki, enya lanceuk saindung, ayeuna jadi guru di Rangkasbitung, pet tara kadieu-dieu, ketang dua tahun sakali mah osok ari lebaran, nepungan Ema. Pisah ti bapana ki lanceuk, gap ku Bah Udi almarhum, asli bapa kuring. Papisah jeung bapa, gap ku Mang Ena urang Sumedang, boga adi Juju Juariah. Pisah ti Mang Ena ditikah ku Mang Rasib Gunungmanik. Pisah ti dinya crek ka Mang Kili urang kampung Lebakbitung, terus ka urang Cikandang hilap deui jenenganana bubuhan ngan ukur saminggu papanganten the. Nya nu pangahirna ayeuna ka Abah, nelahna mah Bah Edi, kitu oge geus papirak deui bae. Atuh Ema the ayeuna rarandaan dina umur geus cueut ka hareup, huntu geus meh rata, pameunteu kemong pareot, tonggong bongkok, sereing teu damang. Ari Abah Edi hampir saumur jeung Kang Awa putra Ema anu cikal ti pulisi tea. Duka kumaha mimitina Ema make ngajodo ka Abah, nyebut Abah soteh nurut ti anak kuring, incu Ema, sok nyarebut Abah ka Mang Edi. Ema

the tos raca, raca sagala rupana. Hirup dikadarkeun kumelendang di dunya the kabagean euyeub ku nalangsa tunggara.

Untung Ema getol solat, da tuang leueut mah acan kungsi kaselang nongkrong. Dapon mayeng leutik-leutik oge, dasar milik Ema kagungan kebon enteh najan ukur sataplok munding oge, mayeng sok ngajualan, metik enteh ti kebon eta. Ari Abah sanggeus rumah tangga jeung Ema aya kana 25 taunna, naha atuh ari geus kolot make kapincut ku randa ngora, sanajan teu beda ti Ema raca gunta-ganti salaki, eta we da teu geseh ti Ema tilas carogena the aya kana sapuluhna. Dasar kudu sarimbag lalakon Ema jeung istri Abah nu ayeuna.

“Jang rek dahar ...?” Ema meuraykeun lamunan kuring, nyawang lalakon Ema nu karampa. Boa nu nyatana mah leuwih ti kitu.

“Nembe Ma ...!” ceuk kuring, padahal mah bororaah kungsi dahar indit ti Ciluuk the, haget hayang buru-buru tepung jeung Ema, aya seja Abah nyerahkeun.

“Kumaha atuh Ujang ...” saur Ema teu kebat. Ti tadi ge ti barang kuring mukakeun panto, hate mah geus ngajerit ka nu Maha Kawasa, ari ras ku nasib Ema, Eukeur mah tos sakitu sepuhna, kari-kari ku Abah ayeuna dipirak, pisakumahaeun teuing peurihna manah Ema, saha nu mangusahakeun nyiar kipayah. Lain hartina kuring taya tanggungjawabna ka Ema, ngan aya bedana, coba we sawang hij pangawak awewe nu geus teu aya tetenggerna, kawasna the lir ibarat kalakay palid teuing di mana nyangsangna, tur kaumbang-ambing ku ombak tarik, atawa lir mega diamuk topan, paburisat teu jejeg patokan.

“Sing sabar tawekal bae Ma, parantos nasib Ema kedah kieu kajadianana, parantos ti ajalina rupina Ema kedah ngalaman raca ku pangalaman, ku katunggara ...” ceuk kuring bari ceurik.

Tapi ceurik ayeuna lain ceurik bareto keur jadi bebenyit, tapi ceurik jumerit ka Allah, boga indung dikitu-kitu nasibna. Kuring hayang ceurik, nyuuuh dina pangkonan, hayang ngajait tina musibah kiamah manah Ema, dalah dikumaha, satalung lamun Ema aya kahayang tina bab tuangeun atanapi pakean bisa ditalang, kumaha da ieu mah bab hojah batin, teu bisa nulungan ku raga. Ngan ukur kadal ucap nyebut “sing sabar tawekal,” miskin ku ucap pamatri nu sejenna. Ema nyebat kumaha ..., pihartieunana juta-juta,

akaran-pucukan, cucukan ahirna rembet hese ngojayananan, jero lir laut, hese pijawabeunana ku mangrupa tulung tinulung.

“Kersa Ema dibantun ka Ciluuk?”

“Nyaeta Ema the ...”

“Nyaeta kumaha Ema the, Ma?” ceuk kuring leuleuy, taya tangan pangawasa.

“Lain teu narimakeun kana kanyaah Ujang, ngan kumaha Ema the melang ka Si Bungsu, mangka ayeuna mangsana ngalahirkeun ...”

“Wios perkara eta mah, abdi oge ngilu tanggung jawab, ongkoh Uju mah aya salakina ieu, ieu mah Ema wayahna kedah ka Ciluuk jeung abdi, abdi jeung Royani reugreug upami Ema di ditu, mamanahan Ema kedah bangblas tong ngemut-ngemut nu atos-atos ...” kuring satengah ngupahan. Kawas ka anak kuring sorangan. Tapi weleh Ema kawas nu mugen diajak ku kuring pindah ka imah kuring di Ciluuk, padahal mah ti bumi Ema ka imah kuring the moal meakkeun ongkos sarebu perak. Tapi aneh Ema mending milih angger hirup di Babakan Gunungmanik, ceuk pangrasa kuring naon pikabetaheunana Ema aya di Babakan, imah kalingkung ku kebon cau, beh tonggoheun kebon awi nu hieum, combrek paroek, komo geura ari wanci sareupna, rarasaan the mani asa di jero guha taya pangabetah. Kitu soteh ceuk kuring, da ari manukna mah betah tumaninah nu aya, lir hirup di jero karaton. Eta we geuning tatangga-tatangga Ema taya nu ngarasula pedah imah diriung ku kebon awi, hirup angger suka seuri, da meureun pangabetah, kagenah, katintrim lain marakbakna gedong sigrong, balatakna mobil mewah, but-bat jalan di “hot-mix”, tapi batin nu nangtukeun. Jauh tina karudet ririeit loba panyakit. Anu matak pantes loba jalma dijujurung disusurung titah transmigrasi ka luar Jawa langka nu daek the, embung papisah jeung lelemah tempat tunduk ngalentruck, saha nu teu nineung ka baligeusan ngajadi.

Kitu deui Ema rek dibawa pindah ka Ciluuk oge kawasna the, hese nengan tempat nu cop jeung manahna, hese nyiar pangabetah siga di Babakan. Ema nineungeun ka kebon nu pinuh ku tangkal cau, paselang jeung tangkal enteh, moal bisa dijual juta-juta soal pangabetah mah, sanajan Ema kiwari manahna keur sumedeng ruwet alatan Abah mirak. Tapi kuring rada teteg hate, sabab Ema kantos sasauran kieu “Keun bae Ujang, Ema arek cicing di dieu ... soal Abah ayeuna geus ninggalkeun Ema, keun bae da karepna ieu ...

Ema mah moal mikiran perkara eta, nu penting Ema tingtrim lahir batin, da Ema nyebut kumaha soteh ka Ujang, maksud Ema kitu, sok sieun Ujang cara Abah, cul nu kolot muru donto. Sok sieun Ujang nganyenyeri hate Nyi Royani, karasa ku Ema nu jadi awewe, dikitu-kitu ku salaki peurihna alahbatan digerihan ku hinis garing. Ema amanat, Ujang mah ulah nulad kalakuan sakuyamaha urut salaki Ema, babari kapincut ku hawa napsu setan, dipake lalab rumbah kecap nyerahkeun, Ujang mah ulah, ulah, ulah nepi ka kitu, bisi teu percaya sok tanyakeun ka urut salaki Ema nu masih keneh aya dikieuna, tuh ka nu deukeut ka Mang Kili, urut salaki Ema, kumaha ari jadi lalaki?"

Kuring teu, teu nembal hade, teu nembal goreng, estu ngabetem lir bangsat meunang nampiling.

Di luar di buruan, bulan reyem-reyem. Sinarna kakalicesan lir cempor nu katebak angin tina sela-sela bilik. Ema anggur mayun ka panto nu geus kuleuheu, nu geus pating arudat tapak budak kuring nu bungsu sok nyurat-nyoret ku peso. Nepi ka suku ngalengkah basa rek balik, Ema acan maparin putusan rek di saha cicing.

AMANAT

Rek asup ka pakarangan hotel, waktu kareret Jamal kaluar ti Bank nu pernahna gigireun hotel. Teu samar najan lawas teu panggih oge. Najan kaayaan waruga awakna geus beda naker ti keur mangsa babarengan baheula. Lawas papisah aya boa salawe taun mah.

Kawasna manehna oge apaleun keneh. Buktina ngajanteng mani lila bari mencrong nelek-nelek. Moal bina,sarua keur ngapalkeun adeg-pangadeg masing-masing, saha-sahana. Da tuluy nyerengeh bari gugupay. Lila nangtung hareupeun Hardtop di tempat parkir.

Teu kalinglap najan awakna bayuhuyuh lintuh oge. Manehna nu ti baheula nyampeurkeun, atuh kuring oge gancang muru.

"Edi, nya?" pokna the. Gabrug silih rangkul sono. Meh bae tas oge lesot tina leungeun.

"Moal poho tangtu ente mah ka ana, cing naon sababna?" ceuk kuring the ku caritaan, sanggeus lesot silih rangkul.

“Apal. Angger begang, kumis ngajebug, awak lir tihang listrik rek ngajul mega di langit. Ciri khas Si Edi nu moal robah eta the.” Nyaritana bari seuri, “Piraku ka sobat rek poho mah. Sobat nu loba jasa jeung purah ngolo ...” heureuyna.

“Ciri khas jelema nu salawasna kakurangan bae!”

“Ulah sok ngahinakeun diri sorangan, pamali.” manehna seuri.

“Sukur ari inget keneh ka pamali mah.” tembal the.

Manehna nanyakeun pamaksudan kuring aya di kota gede. Barabat bae dicaritakeun sakumaha pamaksudan. Lilana urusan jeung dines oge dibejakeun. Antukna manehna ngajak jeung nitah sare di imahna. Hayang ngobrol jeung sono pokna the. Kuring diajak ka kantorna heula. Bungah nu aya, teu kudu ngaluarkeun duit keur nyewa kamar di hotel.

“Angger keneh ka indung Si Teueul?” ceuk manehna ka kuring.

“Naha kudu make ganti pabeasan sagala. Ari ente?”

“Sarua angger ana oge. Ladang manglamarkeun ente tea baheula.”

“Sukur. Nambahana teu?”

“naha, jig-jig ka dinya?”

“Sugan ... Eta bae adat kakurung ku iga. Toloheor, teu kaop.”

Jamal imut.

Datang ka kantorna, leuh matak kabita. Pagawe garinding di darasi. Sekretarisna gareulis, someah.

Tempatna matak betah nu gawe. Parabotna aralus. Telepon oge mani aya dua dina meja Jamal wungkul. Tacan di tempat Kantor Tata Usaha. Mesin tulis IBM jeung aya komputer sagala. Teu sangka Jamal usahana badag. Sobat Jamal the. Sobat, indekos sakamar di Ibu Suharja nu kiwari almarhumah.

Pinter usaha mah geus katangen keur sakola keneh. Gede kawani. Jaman werit ku obat-obat nu kaasup daftar G, manehna mah bisa neangan kauntungan dina kaayaan nu sulit. Jaman hese ku benang tinun, manehna mah bisa ngaliangkeun aya puluhna bal ka pabrik tinun di Pakalongan. Usum susah beas, manehna mah bisa ngasupkeun beas ti Jawa Tengah ka Jawa Barat bari jeung salamet kauntungan gede. Kawajiban sakola kacumponan. Wayahna ujian lulus. Nyantri naker, bubuhan kolotna ahli agama. Sakola the

Jamal mah ngongkosan sorangan. Sabab harita mah kaayaan kolotna kahirupanana the pas-pasan pisan.

Waktu mangsana kantor tutup, balik the lain make Hardtop nu tadi dibawa ka Bank. Ganti ku sedan paranti manehna. Weuteuh keneh pisan, kaciri labelna tacan dipiceun. Ceunah ceuk manehna kakara sabulan dibeulina oge. Masih keneh inreyen.

Anjog ka imahna, aeh ka gedongna dina hate geus jol deui bae ucapan wah. Sungut teu karasa deui kekecrek kawas suku dalang noelan kecrek lamun keur manggung.

Hese ngagambarkeunana, oge kana kaistimewaan potongan, endahna, jeung sigrongna gedong Jamal.

Pakarangan lega, pinuh ku pelak kembang aneka warna. Lir taman Nyi Putri Raja. Di sisina rajeg tangkal cengkeh, beres. Di tukangeun gedong ngaredes tangkal buah arumanis parende. Jeruk mah keur karembangan.

Patimah mapagkeun. Nu baheula awakna jangkung leutik, kiwari mah jangkung gede ngeusi jeung kawas ngora bae. Beda naker jeung indung budak batur sakelasna keur sakola. Aya kacua saeutik. Buuk nu baheula mah panjang, jadi pondok diteukteuk. Nurutkeun kahayang jaman, sugaran.

“Teu sareng Euceu, Kang Edi?” ceuk Patimah ngabageakeun. “Lami teu tepang padahal sakantenan candak.”

“Upami urang bakal tepang mah sareng tuang raka, tangtos dibantun. Ieu mah kaleresan nuju dines bae Akang the.”

“Tadi oge diwartosan ku pun lanceuk the aya Kang Edi cenah, meh bae hilap. Margi seueur jenengan nu sami the,” pokna deui bari ngajak ka jero imahna.

Panasaran ku buukna make dikreul, pok wae nanyakeun bari ngobrol the. Sabab sakanyaho, batur-baturna mah dikreul, Patimah mah embungeun. Ceuk Jamal tea mah daya tarik Patimah the tina buukna. Keur mah geulis buukna panjang puguh bae Jamal nepi ka kabungbulengan.

“Tadina mah leres Kang, abdi the ngaraos nyaah upami buuk kedah dipotong. Mung kajurung ku adat salaki, adat Si Eta the toloheor. Hayoh make bogoh ka nu buukna dikreul, kapaksa dikieuken. Moal teu apal Kang Edi oge ka adat Si Ieu yeuh.” Pokna the bari jeletit nyiwit salakina. Nu diciwit nyenghel bae bari api-api muringis.

“Intermeso wae atuh Mah ...” ceuk Jamal.

“Enya lalaki mah gampang bae intermeso, iseng, naha awewe the diangap murah nya? Dibawa nyeleweng mah ku awewe cing rek kumaha tah sikep lalaki?”

“Leuh ... leuh, gawat yeuh Ed ...” cek Jamal.

“Bongan atuda ...” tembal Patimah.

Hanjakal nanyakeun sual buuk. Tapi teu lila geus bariasa deui.

Parabot nu aya di imah Jamal istuning barang mewah kabeh. Ceuk beh dituna pisan mah barang-barang super mutahir. Aya radio CB sagala rupa. Keur dicaroo bae ku anak-anakna nu galede. Duka keur nyararita naon da teu kahalarti. Roger-roger kitu geuning.

Ceuk Jamal keneh parabot the paling lila ukur sataun geus diganti deui ku nu anyar potonganana.

Ti bubudak resep kana barang mewah the Jamal mah. Bosen ku batihayang bae cenah. Pakean salawasna ginding. Nu matak babaturan nu sejen mah heraneun, jauh naker jeung kaayaan kolotna. Ceuk nu teu resepeun ka Jamal mah nyebutna oge teu nalipak maneh.

Sakumaha jeung babaturan ngobrol the nepi ka peuting. Nostalgia ti dituna mah.

Ka peutingnakeun sanggeus barudakna sarare, Jamal ngajak kuring ka kamar khusus pokna mah. Singhoreng rohang videokaset ukuran gede.

Mimiti muter pilem the kasedep babarengan keur budak. Pilem koboy jeung pilem perang. Rengse pilem eta nyokot deui video nu sejen.

“Urang muter pilem nu aneh nya Ed. Konsumsi kolot ...” pokna bari dipasangkeun. Teu ngarti mimitina mah. Sigan the pilem musik atawa opera bae tadina mah. Ari pek basa bray the pilem ngamimitian babacaan. Astagfirullah ceuk gerentes hate. Kuring ngabalieur. Lain pedah legeg santri hate teu merean pikeun nempo nu kikituan mah. Gancang bae amitan. Alesan mah geus tunduh jeung cape. Mangkuning isukan nyanghareupanhanca dines nu ngabutuhkeun otak nu encer. Jamal teu ngoretkeun. Surti kana alesan kuring. Kawasna manehna ngarasa hanjelueun. Geus nyuguhan nu teu pantes.

Geus di enggon mah panon teu daek peureum, jauh ka pitunduheun. Otak mikir. Rek dikamanakeun ahlak jeung moral barudak generasi turunan, lamun kolotna di imah

geus tega miara barang nu kitu. Barang tongtonan nu diharamkeun ku aturan agama. Dilarang ku hukum nagara dipahing ku aturan kasusilaan.

Sabuni-bunina barang teundeu, sakali mangsa mah mo burung kapanggih ku barudak. Bakal nimbulkeun ka panasaran. Geus nempo gambarna moal jauh deui hayang ngarasakeunana.

Paingan loba kajadian, bapa ngagadabah anak, barudak rumaja gawe laku ngagadabah parawan kalawan paksa. Moal salah-salah lamun aya nu nyebutkeun ruksakna moral barudak ngora alatan pagawean kolotna keneh.

Leos ka kamar mandi di kamar eta keneh. Beberesih wudu. Rengse beberesihjungkel solat sunah. Mementa ka Allah muga-muga turunan the dijauhkeun tina pagawean doraka.

Reup sare. Asa sakerejep. Geus kadenge deui sora adan ti Masjid. Sorana ngalanglaung ngelingan umat Islam.

Ka kantor nu dituju dijajapkeun ku pagawe Jamal. Ngahaja disadiaan Hardtop. Kawas enya bae hirup bonapid. Alhamdulillah pagawean beres dina waktu nu geus diancer-ancer.

Mangsa mulang deui, ka terminal the dijajapkeun ku Jamal, bari dikeupeulan. Pedah ka sobat pokna mah. Memeh papisah manehna omat-omatan.

“Hampura ana. Sukur ente mah leket kana ibadah. Asa diingetan. Ka Abah mah omat ulah rek cacarita. Ulah rek diucah-aceh ...” pokna daria naker.

Ari kamari basa usum nu ibadah haji ka Mekah, manehna nyuratan menta dijajapkeun ka Jakarta rek iang nyumponan rukun agama.

“Ngalamaun ...” ceuk indung budak.

“Eta inget ka Haji Jamal ...” cekeng the.

Teu dicaritakeun ka indung budak mah alatanana Jamal miang ka Mekah the. Cukup keur sakuringeun, nyumponan amanat manehna.

IV. MATERI PELAJARAN

- I. A. 1. Bahan bacaan 1) Raguman “Sawatara Bukur Catur Ngeunaan Basa Sunda Geusaning Susastra”. (2 lambar)
2. Karakteristik raguman

B. 1. Bahan bacaan Resensi “kari Kolotna wae ...” (1 lambar)

2. Karakteristik Resensi

C. Bahan bacaan Kritik Sastra

“ Catetan Dua Carita Pondok Mangle Nomer Ieu”

II. Ejahan

Lamun urang nulis, tangtu kudu merhatikeun perkara ejahan. Perkara ejahan moal dipedar panjang lebar tapi gurat badagna bae.

1. Harti Ejahan

Nurutkeun Badudu (1997:31) ejahan nyaeta ngalambangkeun fonem ku huruf. Atawa cara/aturan nulis kecap-kecap ku huruf dumasar disiplin elmu basa (Tarigan, 1985:7). Ejahan mangrupa sakumna aturan nu ngebrehkeun kumaha carana ngagambarkeun lambang-lambang sora jeung kumaha hubungan antara eta lambang (misahkeunana atawa ngahijikeunana) dina hiji basa (Gorys Keraf, 1979:51). Ejahan mangrupa cara ngagambarkeun sora basa ku aturan nulis anu geus distandarisasikeun; ilaharna ngawengku tilu asfek:

- 1) asfek fonologis; ngalambangkeun fonem ku huruf jeung cara nyusun abjad;
- 2) asfek morfologis; cara ngagambarkeun beungkeutan morfemis saperti kecap asal, kecap asal, kecap rundayan, kecap rajekan, kecap kantetan, jeung sajabana; jeung
- 3) asfek sintaksis; cara nandaan omongan ku tanda baca (Harimurti Kridalaksana, 1984:43).

2. Ambahan Ejahan Basa Sunda

Dumasar wangenan-wangenan di luhur ge geus ebreh naon nu jadi ambahan ejahan. Leuwih gemetna di dieu rek diperelekeun bae.

- a. Asfek fonologis, anu ngawengku:

1) Aturan makena aksara

- (i) Abjad
- (ii) Vokal
- (iii) Konsonan

2) Aturan Nuliskeun Aksara

- (i) Aksara gede
- (ii) Aksara condong

b. Aspek morfologis

1) Aturan nuliskeun kecap

- (i) Kecap asal
- (ii) Kecap turunan
- (iii) Kecap rajekan
- (iv) Kantetan kecap
- (v) Kecap sulur
- (vi) Kecap pangantet
- (vii) Angka jeung lambang bilangan

2) Cara nulis unsur serepan.

c. Aspek sintaksis

- Cara nandaan omongan ku tanda baca

- (i) Tanda titik (.)
- (ii) Tanda koma (,)
- (iii) Tanda titik koma (;)
- (iv) Tanda titik dua (:)
- (v) Tanda geret (-)
- (vi) Tanda pisah (-)
- (vii) Tanda elipsis (...)
- (viii) Tanda tanya (?)
- (ix) Tanda panyeluk (!)

- (x) Tanda kurung ((...))
- (xi) Tanda kurung siku ([...])
- (xii) Tanda kekenteng (“...”)
- (xiii) Tanda kekenteng tunggal (' ... ')
- (xiv) Tanda gurat condong (/)
- (xv) Tanda panyingget (Apostrop) (^)

MAKENA AKSARA

A. Abjad

Abjad anu dipake dina basa Sunda diwangun ku aksara-aksara saperti ieu di handap. Ngaran-ngaranna ditulis gigireun eta aksara.

<i>Aksara</i>	<i>Ngaran</i>	<i>Aksara</i>	<i>Ngaran</i>	<i>Aksara</i>	<i>Ngaran</i>
A a	a	J j	je	S s	es
B b	be	K k	ka	T t	te
C c	ce	L l	el	U u	u
D d	de	M m	em	V v	Ve
E e	e	N n	en	W w	We
F f	ef	O o	o	X x	eks
G g	ge	P p	pe	Y y	ye
H h	ha	Q q	ki	Z z	zet
I i	i	R r	er		

B. Vokal

Lambang		Contona		
Fonemis	Ortografis	Di Hareup	Di Tengah	Di Ahir
/a/	a	ari	mana	aya
/i/	i	iang	ping	haji
/u/	u	ulah	mulung	manggu
/ɛ/	e	era	mere	bale
/ð/	e	ema	mekel	akte
/ /	eu	euweuh	beuleum	sampeu

/ /	o	orok	montok	sawo
-----	---	------	--------	------

C. Konsonan

Lambang		Contona		
Fonemis	Ortografis	Di Hareup	Di Tengah	Di Ahir
/b/	b	bau	ubar	sasab
/c/	c	cara	kincir	-
/d/	d	darat	rada	bejad
/f/	f	fonem	tafsir	aktif
/g/	g	guru	tugar	totog
/h/	h	hayang	dahar	waluh
/j/	j	jalma	bagja	mi`raj
/k/	k	kawas	siki	batuk
/l/	l	limus	alit	bijil
/m/	m	mun	ama	anom
/n/	n	naha	maneh	dusun
/ŋ/	ng	ngan	angon	soang
/ny/	ny	nyiar	anyar	-
/p/	p	pajar	bapa	hilap
/q/	q	Qur`an	Furqon	buraq
/r/	r	rea	urang	pasir
/s/	s	sayur	asin	awis
/t/	t	teuas	batan	arit
/v/	v	vokal	lava	-
/w/	w	wates	rawa	riceuw
/x/	x	xenon	luxor	xerox
/y/	y	yaktos	aya	lalay
/z/	z	zat	azab	juz

Keterangan:

* Eta aksara the dipake dina basa Sunda pikeun nuliskeun kecap-kecap kosta anu acan kaserep sageblengna atawa husus pieun ngaran jeung kaperluan paelmuan.

D. Engang

Unggal engang basa Sunda ditandaan ku hiji vokal. Eta vokal bisa dipiheulaanatawa dituturkeun ku konsonan.

1. Dina basa Sunda aya genep pola umum engang, nyaeta:

- a. V *e-ta, sa-eu-tik, ca-u*
- b. VK *ak-sa-ra, ab-di, am-pig*
- c. KV *ba-pa, sa-bu-lan, sak-ti*
- d. KVK *pan-to, sa-rang-geuy, mang-kak*
- e. KKV *pra-bu, gen-tra-na, sas-tra*
- f. KKVK *bruk-brak, pen-trang, men-crong*

2. Ku oangaruh basa kosta, dina basa Sunda aya pola engang anyar saperti ieu di handap.

- g. VKK *ons*
- h. KVKK *pers*
- i. KVKKK *korps*
- j. KKKV *stra-tegi, in-stru-men*
- k. KKKVK *struk-tur, in-struk-tur*

Keterangan:

V = vokal, K = konsonan

3. Ngarucat engang dina kecap asal saperti ieu di handap.

a. Lamun di tengah kecap aya dua vokal anu ngantet, misahkeunana kudu di antara eta dua vokal.

Contona: Sa-ir, da-un, ko-et, leu-it

b. Lamun di tengah kecap aya konsonan di antara dua vokal, misahkeunana kudu samemeh eta konsonan.

Contona: a-ya, wa-yang, sa-yur, e-ta

- c. Lamun di tengah kecap aya dua konsonan atawa leuwih anu ngantet, misahkeunana di antara konsonan kahiji jeung kadua.

Contona: tib-ra, gap-lek, seg-long, gub-rag, gam-blung, am-prok, nang-kring, nam-bru.

4. Rarangken hareup, rarangken tukang, jeung partikel anu biasa ditulis dihijkeun jeung kecap dasarna dipisahkeunana kudu mandiri.

Contona: pi-in-dung, pa-ja-uh, ti-lu-an, seu-seu-heun, pang-na-nya-keun

5. Rarangken hareup, rarangken tukang, jeung partikel nu ngalaman parobahan wangu ditulis saperti kieu:

pa-na-nya, pa-nga-la, da-har-eun-a-na

6. Rarangken tengah anu ditulis ngantet jeung kecap asalna, ngarucatna saperti ngarucat kecap asal.

Contona: da-la-har, gu-meu-lis, ba-ra-li, gi-nan-jar

Keterangan:

Rarangken tengah anu robah jadi rarangken hareup dianggap rarangken hareup. Contona: um-a-mis, ar-u-lin, al-u-dur.

II. NULISKEUN AKSARA

A. Aksara Gede

1. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji dina awal kalimah.

Contona: Horeng anjeuna the midua manah.

Saha nu can dahar the?

Mangga calik!

2. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji dina awal kalimah cutatan langsung.

Contona: Manehna nanya, “Ku naon budak the ceurik?”

“Yap, ka dieu!” omong lanceukna.

“Dinten kamari dongkap the,” walon manehna.

3. Aksara gede dipake nuliskeun aksara kahiji dina kecap anu aya patalina jeung hal-hal kaagamaan, kitab suci, jeung jenengan Allah (kaasup kecap sulur-Na).

Conotna: Allah

Nu Mahakawasa

Islam

Qur`an

Mugi Allah nangtayungan ka umat-Na.

Mung ka Anjeun abdi sadaya sumembah.

4. Aksara gede dipek pikeun nuliskeun aksara kahijij gelar kahormatan, turunan, jeung kaagamaan anu dituturkeun ku ngaran macakal.

Contona: Raden Memed Sastrahadiprawira

Haji Hasan Mustapa

Nabi Muhamad

5. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji ngaran kalungguhan (jabatan) jeung pangkat anu dituturkeun ku ngaran macakal.

Contona: Gubernur Yogie

Rektor IKIP Bandung

Bupati Bogor

Laksamana R.E. Matadinata

6. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji ngaran jalma.

Contona: Dewi Sartika

Oto Iskandardinata

Hasan Wahyu Atmakusumah

7. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji ngaran bangsa, seler bangsa, jeung basa.

Contona: bangsa Indonesia

urang Sunda

basa Arab

8. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji ngaran taun, bulan, poe, *hari raya*, jeung kajadian sajarah.

Contona: taun Hijriah

bulan Mulud

poe Jumaah

poe Lebaran

Perang Bubat

Proklamasi Kemerdekaan

9. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji ngaran macakal dina geografi.

Contona: Gunung Galunggung

Walungan Cihaliwung

Selat Sunda

Laut Aru

Talaga Patenggang

Situ Ciburuy

Pulo Madura

10. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji ngaran resmi badan, lembaga pamarentahan, katatanagaraan, jeung ngaran dokumen resmi.

Contona: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Karajaan Pajajaran

Lembaga Basa jeung Sastra Sunda

Undang-Undang Dasar 1945

11. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji kecap-kecap ngaran buku, majalah, surat kabar, jeung judul karangan, iwal kecap partikel (*di, ka, ti, pikeun, jeung, anu, jeung sabangsana*) anu lain dina posisi awal.

Contona: Mun hayang leuwih anteb micinta lemah cai,

baca *Lalaki di Tegal Pati* karya Sayudi.

Di Luhureun Jukut Reumis kumpulan carpon karangan Yus Rusyana

Baruang ka nu Ngarora geus dicitak welasan kali.

Dina majalah *Mangle* rea sajak nu harade.

Mimiti nulis the dina koran *Sipatahunan*

Saha anu nulis artikel “Basa Sunda dina Widang Hukum” the?

12. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun singgetan gelar jeung sesebutan.

Contona: Dr. Doktor

Drs. Doktorandus

Ir. Insinyur

S.H. Sarjana Hukum

M.A. Master of Arts

Prof. Profesor

Sdrk. Saderek

Keterangan:

Singgetan di luhur salawasna dipungkas ku tanda titik (titenan bab V, Pasal A, Ayat 3).

13. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji kecap anu nuduhkeun pancakaki (saperti bapa, ema, saderek, kakang, emang, jste.) anu dipake pikeun gaganti kecap sulur atawa sesebutan.

Contona: Iraha Bapa angkat ka Bogor the?

Kumaha damang, Ma?

Mangga calik, Kang!

Saha caroge Ceu Ucu the?

Wartosna Wa Haji Abud bade jarah deui.

Iraha urang ngalongok Pa Lurah the?

Serat Saderek parantos katampi.

14. Aksara gede dipake pikeun nuliskeun aksara kahiji kecap anu nuduhkeun jujuluk.

Contona: Dongeng Sakadang Kuya jeung Sakadang Monyet pikaresepeun.

Saha ari Ki Umbara the?

Anu dileler julukan Si Jalak Harupat the nyaeta Oto Iskandardinata.

Dayang Sumbi nundung putrana

Musuh the gigis ku Sanghiang Borosngora mah.

B. Aksara Condong

1. Aksaran condong dipake pikeun nuliskeun ngaran buku, majalah, jeung surat kabar anu disebut dina karangan.

Contona: Perkara eta dipedar dina *Ngalanglang*

Kasusastaan Sunda karangan Ajip Rosidi.

Eusi majalah *Mangle* beuki euyeub.

Koran *Sipatahunan* geus teu medal.

2. Aksara condong dipake pikeun negeskeun atawa ngahususkeun aksara, bagian kecap, atawa gundukan kecap.

Contona: Aksara mimiti kecap leuit nyaeta *I*.

Ieu tulisan *heunteu* ngabahas bab tanda baca.

Nhaon hartina *hampang birit?*

3. Aksara condong dipake pikeun nuliskeun ngaran-ngaran ilmiah atawa pakeman kosta anu acan kaserep sageblengna.

Contona: Naon basa Sundana *up-grading* the?

Ngaran ilmiah manggu nyaeta *garcinia mangostana*.

Pulitik *divide et impera* kungsi mahabu di nagara deungeun mah.

Keterangan:

Dina tulisan leungeun atawa ketikan, aksara atawa kecap anu bakal dicitak condong the digurat di handapna.

III. NULISKEUN KECAP

A. Kecap Asal

Kecap asal ditulis mandiri.

Contona: indit

di

ka

ku

the

eta

ti

bray

sedengkeun

B. Kecap Turunan

1. Rarangken ditulis ngantet jeung wangun dasarna.

Contona: barempug

dibawa

dikerid peti
 padaneunggeul
 silihasih
 barangbawa
 barudak
 balageur
 paribasa
 ginanjar
 sumebar
 buntutan
 bawaeun
 kamarina
 bakating
 estuning
 bongkok meongeun
 gareutah bontengan
 pasawahan
 pibekeleun
 pangdipikanyaahna

2. Lamun wangun dasarna mangrupa kantetan kecap, jeung sakaligus meunang rarangken jeung rarangken tukang, eta kantetan kecap the ditulisna dihijkeun.

Contona: dialungboyongkeun

diaralungboyongkeun
 pibapatereeun
 dipatumpangtindihkeun
 dihirunsuluhkeun
 panghampangbiritna

3. Lamun wangun dasarna mangrupa kantetan kecap anu diwangun ku tilu kecap atawa leuwih atawa mangrupa ngaran macakal, sarta sakaligus meunang rarangken hareup jeung rarangken tukang, eta kantetan kecap the ditulisna make geret.

Contona: dikana-lomari-susun-anyarkeun
 pangluhur-kuta- gede-dunyana
 dika-Bandung-Wetankeun
 dika-Ruma-Sakit-Umum-Hasan-Sadikinkeun

4. lamun salah sahiji unsur kantetan kecap ngan dipake dina kombinasi (wangun kauger),
 eta kantetan kecap the ditulisna ngahiji.

Contona: amoral

antardesa
 bikarbonat
 caturnunggal
 dasawarsa
 demoralisasi
 dwiwarna
 ekawarsa
 infrastruktur
 inkonvensional
 internasional
 intorspeksi
 kosponsor
 mahasiswa
 monoteisme
 multilateral
 nonkolaborasi
 Pancasila
 panteisme
 poligami
 prasangka
 purnawirawan
 reinkarnasi
 saptakrida

semiprofesional

swadaya

telepon

transmigrasi

tritunggal

ultramodern

Keterangan:

- 1) Lamun wangun kauger the dituturkeun ku kecap anu aksara mimitina aksara gede, di antara eta dua unsur kudu make tanda geret.

Contona: non-Sunda

pan-Afrikanisme

- 2) *Maha* anu mangrupa unsur kantetan kecap ditulis ngahiji, iwal lamun dituturkeun ku kecap anu lain kecap asal.

Contona: Di lemburna manehna the estu “mahakawasa”.

Indung mah mibanda sifat mahaasih

Mugi-mugi Gusti nu Mahaasih maparinan rahmat ka urang sadaya!

C. Kecap Rajekan

1. Kecap rajekan murni, boh make rarangken boh heunteu, ditulis lengkep make geret.

Contona: buku-buku

imah-imah

anjang-anjangan

dialung-alungkeun

Dina tulisan gancang atawa heunteu resmi kecap rajekan meunang ditulis make angka 2.

2. Kecap rajekan rineka, boh make rarangken boh heunteu, ditulis lengkep make geret.

Contona: tulang-taleng

wahwar-wehwer

dar-der-dor

dibulak-balik

3. Kecap rajekan sabagian, boh make rarangken boh heunteu, ditulis ngantet.

Contona: sesepak

- tetenjrag
- heherang
- sababaraha
- paduduaan
- titatarajong
- pagegeye
- bongborosan

D. Kantetan Kecap

1. Kantetan kecap anu biasa disebut kecap kantetan (*kata majemuk*), kaasup istilah husus, bagian-bagianna ditulis misah.

Contona: koneng gede

- kacang panjang
- embe kacang
- podok lengkah
- kacanir bangban
- ngahuntu kala
- bongkok meongeun
- mata simeuteun

2. Kantetan kecap, kaasup istilah husus, anu bisa nimbulkeun salah baca bisa digeretan pikeun negeskeun tatali di antara unsur-unsurna.

Contona: tiori-sastraanyar

- tiori-sastra-anyar
- buku-sajarah-anyar
- buyku sajarah-anyar

3. Kantetan kecap anu geus dianggap gumulung jadi hiji ditulisna ngantet.

Contona: panonpoe

- mataholang
- kacapiring

parahulu
silaturahmi
gungclo
geksor

E. Kecap sulur

Kecap sulur *pun, sim, jeung tuang* dituliusna misah tina kecap sapandeurieunana, sedengkeun kecap sulur *na* ditulisna ngantet jeung kecap saheulaeunana.

Contona: pun bapa

sim kuring
tuang putra
indungna
bapania

F. Kecap pangantet

Kecap pangantet, *di, ka, kana, tina, ku, jeung sajabana* ditulisna misah tina kecap sapandeurieunana.

Contona: di imah

ka kota
ti ditu
tina beca
kana kareta
dina meja
ti nu bala
ka nu poek
ku lantaran

G. Angka jeung Lambang Bilangan

- Angka dipakeun nuduhkeun lambang bilangan atawa nomer. Dina tulisan biasana digunakeun angka Arab jeung angka Romawi.

Cara makena diatur leuwih tetela dina pasal-pasal ieu di handap.

Angka Arab: 0, 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9.

Angka Romawi: I, II, III, IV, V, VI, VII, VIII, IX, X, L (50), C (100), D (500), M (1.000), V (5.000), M (1.000.000).

2. Angka dipake pikeun nuduhkeun (a) ukuran panjang, beurat, eusi, (b) waktu, jeung (c) pangaji duit.

Contona: 10 liter 3 jam 20 menit Rp. 5.000,00

14 kilogram	tabuh	18.00	5.000 rupia
21 meter	taun	1945	50 dolar
40 kati		12 Desember 1942	30 pon
11 bagian			75 yen

3. Angka bisa dipake pikeun nandaan nomer jalan, imah, atawa nomer kamar dina alamat.

Contona: Jalan Bima 48, Bandung

Hotel Panghegar, Kamar 16

4. Angka dipake oge pikeun nganomeran karangan, ayat kitab suci, atawa bagianana.

Contona: Bab XV, Pasal 6, kaca 488

Surat Yasin: 9

5. Cara nulis lambang bilangan aksara diatur saperti ieu di handap.

1) Bilangan jangkep

Contona: 17 tujuh belas
42 opat puluh dua
322 tilu ratus dua puluh dua

2) Bilangan pecahan

Contona: 1/2 satengah
1/4 saparapat
1/3 sapertilu
3 2/6 tilu dua pergenep
5% lima persen

6. Cara nulis bilangan tingkat bisa ku cara kieu:

R.A. Wiranatakusumah IV

R.A. Wiranatakusumah Ka-4

R.A. Wiranatakusumah Kaopat

Bab II

Bab Ka-2

Bab Kadua

Perang Dunya I

Perang Dunya Ka-1

Perang Dunya Kahiji

7. Cara nulis kecap bilangan anu dirarangkenan -an kudu kieu:

taun 60-an taun genep puluhan

duit 5.000-an duit lima rebuan

8. Dina kalimah, lambang bilangan anu ngan saangka ditulis ku aksara, iwal lamun sababaraha lambang bilangan ngaruntuy, saperti dina wincikan.

Contona: Jang Karman ngendong di ninina tilu peuting.

Tina 9 urang anggota nu hadir the, 3 urang satuju, 4 urang teu satuju, jeung 2 urang teu puguh jawabanana.

Jumlah mahasiswa Jurusan Basa jeung Sastra Sunda aya 295 urang.

9. Lambang bilangan dina awal kalimah ditulis ku aksara. lamun perlu, susunan kalimah dirobah nepi ka bilangan anu dua angka atawa leuwih the heunteu aya dina awal kalimah.

Contona: Dua likur embe disayagikeun keur kurban taun ieu.

Atawa: Keur kurban taun ieu disayagikeun embe 22

Lain: 22 embe disayagikeun keur kurban taun ieu.

10. Angka anu nuduhkeun bilangan jangkep anu gede bisa diejah sabagian make aksara supaya leuwih gampang dibacana.

Contona: Rayat Pasundan kiwari kurang leuwih 30 juta jiwa.

11. Iwal dina dokumen resmi, saperti akte jeung kuitansi, bilangan heunteu perlu ditulis make angka jeung aksara sakaligus dina teks.

Contona: Di kantor the aya 20 urang pagawe

Lain: Di kantor the aya 20 (dua puluh) urang pagawe.

12. Lamun bilangan dilambangkeun ku angka jeung aksara, cara nulisna kudu merenah.

Contona: Duit nu geus katarima the lobana Rp. 5.000,00 (lima rebu rupia).

Atawa: Duit nu geus katarima the lobana 5.000 (lima rebu) rupia.

IV. CARA NULIS UNSUR SEREPAN

Dina kamekaranana, basa Sunda kaserepan unsur tina pirang-pirang basa, boh tina basa daerah sejen, basa Indonesia, boh tina basa Sansakerta, Arab, Portugis, Belanda, Inggris, jeung basa kosta lianna. Dumasar kana tahap integrasina, unsur serepan dina basa Sunda beunang dipasing-pasing kana dua golongan gede.

Kahiji, unsur kosta anu acan sageblengna kaserep kana basa Sunda, saperti *shuttle cock*, *l'exploitation de l'homme par l'homme*, *up-grading*, jeung sajaba ti eta. Eta unsur-unsur the dipake dina konteks basa Sunda, tapi unsur ucapanana masih keneh nurutkeun cara kosta.

Kadua, unsur kosta anu ucapanana jeung tulisanana diluyukeun jeung kaedah basa Sunda. Dina hal sarupa kieu, diihtiaran sangkan ejahan asing ukur dirobah saperluna supaya adegan Sundana masih keneh bisa dibandingkeun jeung adegan asalna. Kaedah ejahan anu dipake pikeun nuliskeun unsur serepan the saperti ieu di handap.

aa (Belanda) jadi *a*

<i>paal</i>	pal
<i>baal</i>	bal
<i>octaaf</i>	oktaaf

ae, lamun heunteu ngabogaan variasi jeung *e*, jadi *ae*

<i>aerob</i>	aerob
<i>aerodynamics</i>	aerodinamika

ae, lamun ngabogaan variasi jeung *e*, jadi *e*

<i>haemoglobin</i>	hemoglobin
<i>haematite</i>	hematit

ai tetep *ai*

<i>trailer</i>	trailer
<i>caisson</i>	kaison

au tetep au

<i>audiogram</i>	audiogram
<i>autotroph</i>	autotrof
<i>caustic</i>	kaustik

c, di hareupeun *a, u, o*, jeung konsonan, jadi *k*

<i>calomel</i>	kalomel
<i>construction</i>	konstruksi
<i>cubic</i>	kubik
<i>classification</i>	klasifikasi

c, di hareupeun *e, i, oe*, jeung *y*, jadi *s*

<i>central</i>	sentral
<i>cent</i>	sent
<i>circulation</i>	sirkulasi
<i>coelom</i>	selom
<i>cylinder</i>	silinder

cc, di hareupeun *ou*, jeung konsonan, jadi *k*

<i>accomodation</i>	akomodasi
<i>acculturation</i>	akulturasi
<i>acclamation</i>	aklamasi

cc, di hareupeun *e*, jeung *i*, jadi *ks*

<i>accent</i>	aksen
<i>vaccine</i>	vaksin

cc, jeung *ch*, di hareupeun *a, o*, jeung konsonan, jadi *k*

<i>saccharin</i>	sakarin
<i>charisma</i>	karisma
<i>cholera</i>	kolera
<i>chromosome</i>	kromosom

ch, anu lafalna *s* atawa *sy*, jadi *s*

<i>echelon</i>	eselon
<i>machine</i>	mesin

ch anu lafalna *c*, jadi *c*

check cek

China Cina

c (Sansakerta) jadi *s*

cabda sabda

castra sastra

e jadi *e/e*

effective efektif

description deskripsi

synthesis sintesis

system sistem

ea jadi *ea*

idealist idealis

habeas habeas

ee (Belanda) jadi *i*

stratosfeer stratosfir

moreel moril

ei jadi *ei*

eicosane eikosan

eidetic eidetik

eo jadi *eo*

stereo stereo

geometri geometri

eu tetep *eu*

europium eurupium

neutron neutron

f tetep *f*

fanatic, fanatiek fanatik

factor faktor

fossil fosil

gh jadi *g*

<i>sorghum</i>	sorgum
----------------	--------

gue jadi *ge*

<i>igue</i>	ige
<i>gigue</i>	gige

i, dina engang mimiti hareupeun vokal, tetep *i*

<i>iamb</i>	iambe
<i>ion</i>	ion
<i>iota</i>	iota

ie, lamun lafalna *i*, jadi *i*

<i>politiek</i>	pulitik
<i>riem</i>	rim

ie, lamun lafalna lain *i*, jadi *ie*

<i>variety</i>	varietas
<i>patient</i>	pasién
<i>efficient</i>	efisién

kh (Arab) jadi *h*

<i>akhir</i>	ahir
<i>khusus</i>	husus

ng tetep *ng*

<i>contingent</i>	kontingen
<i>congress</i>	kongres
<i>linguistics</i>	lingistik

oe (*oi* Yunani) jadi *e*

<i>oestrogen</i>	estrogen
<i>oenology</i>	enologi

oo (Belanda) jadi *o*

komfoor kompor

provoost provos

oo (Inggris) jadi *u*

pool pul

proof pruf

oo, (vokal ganda) tetep *oo*

zoology zoologi

coordination koordinasi

ou, lamun lafalna *au*, jadi *au*

bout baud

counter kaunter

ou, lamun lafalna *u*, jadi *u*

gouverneur gubernur

coupon kupon

countour kontur

ph, jadi *f*

phase fase

physiology fisiologi

phrase frase

ps tetep *ps*

<i>pseudo</i>	pseudo
<i>psyciatry</i>	psikiatri
<i>psychosomatic</i>	psikosomatik
<i>pt tetep pt</i>	
<i>pteridology</i>	pteridologi
<i>ptyalin</i>	ptialin
<i>q jadi k</i>	
<i>aquarium</i>	akuarium
<i>frequency</i>	frekuensi
<i>equator</i>	ekuator
<i>rh jadi r</i>	
<i>rhetoric</i>	retorik
<i>rhombus</i>	rombus
<i>rhythm</i>	ritme
<i>sc, hareupeun a, o, u, jeung konsonan, jadi sk</i>	
<i>scandium</i>	skandum
<i>scriptie</i>	skripsi
<i>sc, hareupeun e, I, jeung y, jadi s</i>	
<i>senography</i>	senografi
<i>scintillation</i>	sintilasi

<i>scyphistoma</i>	sifistoma
<i>sch</i> , hareupeun vokal, jadi <i>sk</i>	
<i>schema</i>	skema
<i>scholasticism</i>	skolastisisme
<i>t</i> , hareupeun <i>i</i> , lamun lafalna <i>s</i> , jadi <i>s</i>	
<i>ratio</i>	rasio
<i>aktie, action</i>	aksi
<i>patient</i>	pasien
<i>th</i> jadi <i>t</i>	
<i>method, methode</i>	matode
<i>orthography</i>	ortografi
<i>theocracy</i>	teokrasi
<i>u tetep u</i>	
<i>unit</i>	unit
<i>structure</i>	struktur
<i>institute</i>	institut
<i>ua tetep ua</i>	
<i>dualisme</i>	dualisme
<i>aquarium</i>	akuarium
<i>ue jadi ue</i>	

<i>suede</i>	sued
<i>duet</i>	duet
<i>ui tetep ui</i>	
<i>equinoxe</i>	kuinox
<i>conduite</i>	konduite
<i>uo tetep uo</i>	
<i>quorum</i>	kuorum
<i>quota</i>	kuota
<i>uu jadi u</i>	
<i>prematuur</i>	prematur
<i>vacuum</i>	vakum
<i>v tetep v</i>	
<i>vitamin</i>	vitamin
<i>television</i>	televisi
<i>cavalry</i>	kavaleri
<i>x jadi ks</i>	
<i>executive, executief</i>	eksekutif
<i>taxi</i>	taksi
<i>extra</i>	ekstra
<i>latex</i>	lateks

xc, hareupeun *e* jeung *i*, jadi *ks*

exceptie eksepsi

excess ekses

xc, hareupeunana *a*, *o*, *u*, jeung konsonan, jadi *ksk*

excavation ekskavasi

excommunication ekskomunikasi

excursive ekskursif

exclusive eksklusif

y, lamun lafalna *y*, tetep *y*

yen yen

yuccaganin yukaganin

y, lamun lafalna *i*, jadi *i*

yttrium itrium

dynamo dinamo

propyl propil

z tetep *z*

zenith zenit

zirconium zirkonium

zodiac zodiak

zygote zigot

Aksara konsonan ganda (rengkep) jadi konsonan tunggal, iwal lamun matak ngabingungkeun.

Contona:	<i>gabbro</i>	gabro
	<i>accu</i>	aki
	<i>effect</i>	efek
	<i>commision</i>	komisi
	<i>ferrum</i>	ferum
	<i>solfeggio</i>	solfegio

Keterangan:

- 1) Unsur-unsur anu geus nyerep kana basa Sunda sarta geus bisa diejah make cara Sunda teu perlu dirobah deui ejahanana.

Contona: *kabar, sirsak, iklan, perlu, hadir, jaman.*

- 2) Sanajan dina ieu ejahan aksara *f, q, v, x, z*, ditarima dina abjad Sunda, unsur anu miboga eta aksara perlu di-Sundakeun nurutkeun kaedah anu dipedar di luhur. Eta aksara dipakena ukur dikukuhkan dina hal anu tinangtu bae, upamana keur ngabedakeun ngaran jeung istilah husus.

Lian ti padika pikeun ngaluyukeun aksara atawa sora kosta saperti anu ditataan di luhur, ieu di handap didaftarkeun rarangken tukang kosta sarta kumaha ngaluyukeunana kana basa Sunda. a rarangken the diserepna minangka bagian kecap sagemblengna. Kecap-kecap saperti *standarisasi, implementasi*, jeung *objektif* diserep sagemblengna di sagigireun kecap *standar, implemen*, jeung *objek*.

-aat jadi -at

<i>advocaat</i>	advokat
-----------------	---------

-age jadi *-ase*

percentage persentase

etalage etalase

-air, ary jadi *-er*

complementair, complementary komplementer

primair, primary primer

secundair, secondary sekunder

-ant jadi *-an*

accountant akuntan

informant informan

-archie, -archy jadi *-archi*

anarchie, anarchy anarki

oligarchie, oligarchy oligarki

-(a)tie, -(a)tion jadi *-asi, -si*

actie, action aksi

publicatie, publication publikasi

-aal, -al, -eel jadi *-al*

normaal, normal normal

ideaal, ideal ideal

formeel, formal formal

<i>rationeel, rational</i>	rasional
<i>structeel, structural</i>	struktural
<i>-ein</i> jadi <i>-ein</i>	
<i>cystein</i>	sistein
<i>casein</i>	kasein
<i>protein</i>	protein
<i>-eur, -or</i> jadi <i>-ur</i>	
<i>directeur, director</i>	direktur
<i>inspecteur, inspector</i>	inspektur
<i>conducteur, conductor</i>	kondektur
<i>-or</i> tetep <i>-or</i>	
<i>dictator</i>	diktator
<i>corrector</i>	korektor
<i>-ief, -ive</i> , jadi <i>-if</i>	
<i>descriptief, descriptive</i>	deskriptif
<i>demonstratief, demonstrative</i>	demonstratif
<i>-ic, -ics, -iek, -ique</i> (nominal) jadi <i>-ika, -ik</i>	
<i>logica, logic</i>	logika
<i>physica, physics</i>	fisika
<i>dialectica, dialectics</i>	diialektika

<i>phonetiek, phonetics</i>	fonetik
<i>techniek, technique</i>	tehnik
<i>-iel, -ile</i> , jadi <i>-il</i>	
<i>percentil, percentile</i>	persentil
<i>mobiel, mobile</i>	mobil
<i>-isch, -ic</i> (ajektif) jadi <i>-ik</i>	
<i>electronisch, electronic</i>	elektronik
<i>mechanisch, mechanic</i>	mekanik
<i>balistisch, ballistic</i>	balistik
<i>-isch, -ical</i> jadi <i>-is</i>	
<i>economisch, economical</i>	ekonomis
<i>practisch, practical</i>	praktis
<i>logisch, logical</i>	logis
<i>-isme, -ism</i> jadi <i>-isme</i>	
<i>modernisme, modernism</i>	modernisme
<i>socialisme, socialism</i>	sosialisme
<i>-ist</i> jadi <i>-is</i>	
<i>egoist</i>	egois
<i>linguist</i>	linguis
<i>-logie, -logy</i> jadi <i>-logi</i>	

<i>technologie, technology</i>	teknologi
<i>physiologie, physiology</i>	fisiologi
<i>analogie, analogy</i>	analogi
<i>-logue</i> jadi <i>-log</i>	
<i>catalogue</i>	katalog
<i>dialogue</i>	dialog
<i>-loog</i> (Belanda) jadi <i>-log</i>	
<i>analoog</i>	analog
<i>epiloog</i>	epilog
<i>-oide, -oid</i> jadi <i>-oid</i>	
<i>hominoide, hominoid</i>	hominoid
<i>anthropoide, anthropoid</i>	antropoid
<i>-oir (e)</i> jadi <i>-oar</i>	
<i>trottoir</i>	trotoar
<i>repertoire</i>	repertoar
<i>-teit, -ty</i> jadi <i>-tas</i>	
<i>universiteit, university</i>	universitas
<i>qualiteit, quality</i>	kualitas
<i>-uur, -ure</i> jadi <i>-ur</i>	
<i>factuur</i>	faktur

structuur, structure struktur

V. TANDA BACA

A. Tanda Titik (.)

1. Tanda titik dipake dina ahir kalimah wawaran.

Contona: Indungna keur nyangu di dapur.

Manehna ngala sawo.

Punbapa nuju leleson.

2. Tanda titik dipake dina ahir singgetan ngaran jalma.

Contona: M.A. Salmun

R.E. Martadinata

Moh. Ambari

3. Tanda titik dipake dina ahir singgetan gelar, kalungguhan, pangkat, jeung sesebutan.

Contona: Bc. Hk. Bakaloreat Hukum

Dr. Doktor

Ir. Insinyur

Drs. Doktorandus

Kol. Kolonel

Rd. Raden

Sdrk. Saderek

4. Tanda titik dipake dina singgetan kecap atawa singgetan pakeman anu geus umum.
Dina singgetan anu diwangun ku tilu aksara atawa leuwih ngan dipake hiji tanda titik.

Contona:	jrrd.	jeung rea-re a deui
	jst.	jeung saterusna
	jste.	jeung sajaba ti eta
	spk.	saparakanca
	tgl.	tanggal

5. Tanda titik dipake di tukangeun angka atawa aksara dina bagian, ihtisar, atawa daftar (titenan carana make tanda kurung, Bab V, Pasal J, Ayat 3).

Contona: II. Kaparigelan Basa

- A. Kaparigelan Ngaregepkeun
- B. Kaparigelan Nyarita
- C. Kaparigelan Maca
- D. Kaparigelan Nulis

Rancangan Naskah: 1. Patokan Umum

1.1. Eusi Karangan

1.2. Ilustrasi

1.2.1. Gambar

1.2.2. Tabel

1.2.3. Grafik.

6. Tanda titik dipake misahkeun angka, jam, menit, jeung detik anu nuduhkeun waktu.

Contona: tabuh 2.45.30 (tabuh 2 leuwih 45 menit 30 detik)

7. Tanda titik dipake pikeun misahkeun angka jam, menit, jeung detik anu nuduhkeun cengkal waktu.

Contona: 2.45.30 jam (2 jam, 45 menit, 30 detik)

8. Tanda titik heunteu dipake pikeun misahkeun angka rebuan, jutaan, jeung saterusna anu lain nuduhkun jumlah.

Contona: Manehna dilahirkeun taun 1937 di Ciamis

Tingali kaca 1324 jeung saterusna.

kapan 83161 nomer telepon IKIP Bandung mah.

9. Tanda titik heunteu dipake dina singgetan anu diwangun ku aksara-aksara awal kecap atawa engang, atawa campuran tina eta dua cara, atawa dina akronim anu geus kaprah.

Contona: ABRI Angkatan Bersenjata Republik Indonesia

LBSS Lembaga Basa jeung Sastra Sunda

WHO World Health Organization

SD Sekolah Dasar

Deppen Departemen Penerangan

ormas organisasi masarakat

sekjen sekerteris jendral

10. Tanda titik heunteu dipake dina singgetan lambang kimia, ukuran, takeran, timbangan, jeung duit.

Contona: Cu kuprum

TNT trinitrotoluen

cm sentimeter

l liter

kg kilogram

Rp rupia

11. Tanda titik heunteu dipake dina ahir judlu anu mangrupa jejer karangan atawa jejer ilustrasi, tabel, jeung sajabana.

Contona: Acara Silaturahmi Gubernur Yogie

Wawacan Purnama Alam

Diagram Vokal Basa Sunda

Grafik Produksi Pare Daerah Karawang 1975 - 1985

Tumuwuhna Puisi Sunda

12. Tanda titik heunteu dipake di tukangeun alamat nu ngirim jeung tanggal surat, atawa ngaran jeung alamat nu narima surat.

Contona: Jalan Bima 48

Bandung

Bandung, 12 Desember 1988

Kahatur

Sdrk. Handaru Suryaningrat

Jalan Gegerkalong Hilir 24

Bandung

Kantor Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah

FPBS IKIP Bandung

Jln. Dr. Setiabudi 229

Bandung

B. Tanda Koma (,)

1. Tanda koma dipake di antara unsur-unsur dina wincikan, keur nataan atawa milang.

Contona: Kuring meuli kertas, amplop, jeung map.

Hiji, dua, tilu, ..., sapuluh.

2. Tanda koma dipake pikeun misahkeun bagian kalimah dina kalimah ngantet sadarajat anu make kecap panyambung.

Contona: Adina jangkung, tapi lanceukna pendek.

Manehna maksa indit, padahal indungna mah keukeuh nyarek.

3. Tanda koma dipake pikeun misahkeun seler kalimah tina indung kalimah lamun eta seler kalimah the miheulaan indung kalimahna.

Conmtona: Waktu lanceukna datang, manehna maksa balik harita keneh.

Sanajan hujan, manehna maksa balik harita keneh.

4. Tanda koma dipake di tukangeun kecap atawa pakeman panyambung anytarkalimah anu dilarapkeun dina awal kalimah, saperti *jadi, jeungna deui, ku sabab kitu, sanajan kitu, tapi*, jeung sajabana.

Contona: Jadi, jangjina the teu bisa dipercaya.

Jeungna deui, nu kitu-kitu bae mah teu kudu dirubutkeun.

Ku sabab kitu, urang kudu ati-ati.

Sanajan kitu, sugar bae engke mah babalik pikir.

Tapi, tangtungan urang mah moal robah.

5. Tanda koma dipake di tukangeun kecap-kecap saperti *wah, iy, yey, aduh, walah, lakadalah* anu perenahna dina awal kalimah.

Contona: Aduh, mani kalinglap!

Iy, mani pikagilaeun kitu!

Lakadalah, katewak ayeuna mah!

Walah, teu mawa duit!

Yey, teu bisa kitu-kitu acan!

6. Tanda koma dipake pikeun mnisahkeun cutatan langsung tina bagian sejen dina kaoimah (titenan carana make tanda kekenteng, Bab V, Pasal L jeung M).

Contona: Saur Ibu, “Apa the parantos damang.”

“Mun geus karumpul,” saur Emang, “hayu urang indit!”

7. Tanda koma dipake antara (a) ngaran jeung alamat, (b) bagian-bagian alamat, (c) tempat jeung titimangsa, jeung (d) ngaran tempat jeung wilayah atawa nagri anu ditulisna ngaruntuy.

Contona: Sdrk. Nana Banna, Jalan Kancra 12, Bandung

Serat lamaran mugi dialamatkeun ka Rektor IKIP Bandung, Jalan Dr. Setiabudi 229, Bandung.

Subang, 22 Januari 1970

Bandung, Jawa Barat, Indonesia

8. Tanda koma dipake pikeun misahkeun bagian ngaran anu dibalikkeun susunanana dina daftar pustaka.

Contona: Rosidi, Ajip. 1996. *Dur Panjak!*. Bandung: Pusaka Sunda.

9. Tanda koma dipake di antara ngaran jalma jeung gelar akademik sapandeureunana, pikeun ngabedakeun tina singgetan ngaran kulawarga atawa marga.

Contona: R. Titis Ambetkasih, M.A.

Drs. Purnama Natakusumah, S.H.

10. Tanda koma dipake di hareupeun angka persapuluhan jeung di antara rupia jeung sen dina bilangan.

Contona: 123,50 m

3,45 ha

Rp 75,50

11. Tanda koma dipake pikeun ngahapit keterangan tambahan jeung keterangan aposisi (titenan carana make tanda pisah, Bab V, Pasal F).

Contona: Bapa H.M. Abdul Kodir, Rektor IKIP Bandung, bade angkat ka Jepang.

Di lembur simkuring, contona, barudak ngora seueur keneh nu ngaligeuh.

Salahsaurang mahasiswa, minangka wawakil kelasna, usul sangkan basa Sunda diajarkeun di jurusanana.

12. Tanda koma heuteu dipake pikeun misahkeun cutatan langsung tina bagian sejen dina kalimah lamun eta cutatan the dipungkas ku tanda tanya atawa tanda panyeluk sarta perenahna saheulaeun bagian sejen dina eta kalimah.

Contona: “Iraha rek nyaba the?” saur Kang Karna.

“Kahade sing ati-ati!” saur anjeunna deui.

C. Tanda Titik Koma (;)

1. Tanda titik koma bisa dipake pikeun misahkeun bagian kalimah anu sawabda sarta sadarajat.

Contona: Beuki lila peuting the beuki simpe; kuring huleng jentul.

Adina jangkung; lanceukna pendek.

2. Tanda titik koma digunakeun pikeun misahkeun bagian kalimah anu teu sawanda dina kalimah jembar.

Contona: Anggrek bulan the kembangna bodas, raranggeuyan, gagangna rada laer; kaasup pepelakan hias.

D. Tanda Titik Dua (:)

1. Tanda titik dua dipake dina tungtung bagian kalimah lamun eta bagian kalimah the dituturkeun ku wincikan atawa pertelaan.

Contona: Nu kudu nyampak dina diri urang the nyaeta: cageur, bageur, bener, pinter, pangger, jeung singer.

2. Tanda titik dua dipake sanggeus kecap atawa pakeman anu merlukeun wincikan.

Contona: Pupuhu: Jatnika Natapraja

Girang Serat: Liris Weningpuji

Panata Harta: Purnama Wirakusumah

Atawa: Pupuhu: Jatnika Natapraja

Girang Serat: Liris Weningpuji

Panata Harta: Purnama Wirakusumah

Sim kuring ngulem Saderek pikeun ngaluuhan rapat nu baris diayakeun

dina dinten: Senen

ping: & Desember 1987

tabuh: 08.00

acara: mapag Kongres Basa Sunda

tempat: Parter Bumi Siliwangi

Jalan Dr. Setiabudi 229, Bandung

Atawa

dina dinten: Senen

ping: 7 Desember 1987

tabuh: 08.00

acara: mapag Kongres Basa Sunda

tempat: Parter Bumi Siliwangi

Jalan Dr. Setiabudi 229, Bandung.

3. Tanda titik dua dipake dina teks drama sanggeus kecap anu nuduhkeun palaku dina paguneman.

Contona: Bapa: "Kumaha tah mun kitu?"

Usep: "Duka atuh."

Bapa: "Duka? Duka naon, duka teuing atawa duka embung?"

4. Tanda titik dua dipake (a) di antara jilid atawa nomerjeung kaca, (b) di antara surat jeung ayat dina kitab suci, atawa (c) di antara judul jeung seler judul karangan, jeung (d) di antara ngaran tempat jeung penerbit dina daftar pustaka.

Contona: (a) *Mangle*, XXVII, 1985, 1006: 15

(b) Surat Yasin: 9

(c) Salmun, M.A. 1963. *Kandaga: Kasusastran Sunda*. Bandung: Tarate.

(d) Rusyana, Yus. 1980. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Gunung Larang.

E. Tanda Geret (-)

1. Tanda geret dipake pikeun ngarucat kecap kana engang-engangna atawa kana morfem-morfemna.

Contona: pa-ra-wan ha-ri-eum beu-ngeut

pang-ma-cul-keun sa-si-ki gung-clo

2. Tanda geret dipake pikeun nyambungkeun unsur kecap rajekan dwilingga jeung trilingga.

Contona: dialung-alungkeun dar-der-dor

paheula-heula	blag-blug-blug
arula-arileu	cas-cis-cus
kurulang-kuriling	brang-breng-brong

3. Tanda geret dipake pikeun nyambungkeun engang-engang anu misah ku sabab ganti jajaran.

Contona: ...mangsa nu bakal da-
 tang

Keterangan:

Engang anu ngan saaksara heunteu dipisahkeun supaya ulah ngan aya hiji aksara dina awal atawa ahir jajaran.

Contona:	<i>Salah</i>	<i>Bener</i>
...buku e-	...buku	
ta.	eta	
...kaleuleuwih-	...kaleuleu-	
i.	wihi.	

4. Tanda geret nyambungkeun rarangken hareup jeung bagian kecap sapandeurieunana, atawa rarangken tukang jeung bagian kecap kecap saheulaeunana dina ganti jajaran.

Contona: ...urang kudu nga-
 hadiran.
 ...omat ulah di-
 jual.

...kudu nyayagi-

keun waragad.

...da keur pipamajikan-

eun.

5. Tanda geret nyambungkeun aksara dina kecap nu diejah hij-hiji jeung dina bagian-bagian titimangsa.

Contona: p-i-w-u-r-u-k-eu-n

12-12-1942

6. Tanda geret bisa dipake pikeun ngeceskeun patalina bagian-bagian unggara.

Contona: dua puluh lima-rebuan (20 x 5000)

dua-puluh-lima-rebuan (1 x 25000)

dua-puluh-lima rebuan (25 x 1000)

buku sajarah-sastra anyar

pidato-presiden kahiji

7. Tanda geret dipake pikeun ngantetkeun (a) rarangken *sa-* jeungkecap sapandeuriunana anu dimimitian ku aksara gede, (b) *ka* jeung angka Arab, (c) angka jeung rarangken - *an*, jeung (d) singgetan aksara gede jeung rarangken.

Contona: sa-Jawa Barat

hadiyah ka-2

taun 60-an

SMA-na

8. Tanda geret dipakeun ngantetkeun unsur basa Sunda jeung unsur basa kosta.

Contona: di-*charter*

charter-an

F. Tanda Pisah (-)

1. Tanda pisah ngawatesan seselan kecap atawa kalimah anu mere keterangan husus di luar wangun kalimah.

Contona: Di tempat anu kacida luhurna - saperti di puncak Gunung Himalaya - salju the abadi.

2. Tanda pisah nandeskeun ayana aposisi atawa keterangan sejen anu ngalantaraneun kalimah jadi leuwih tetela.

Contona: Ceuk babaturanana sakelas mah, Euis Banowati the - murid anyar tea - nya bageur nya pinter.

3. Tanda pisah dipake di antara dua bilangan atawa tanggal anu ngandung harti “nepi ka” atawa dua ngaran kota/tempat anu ngandung harti “ka” atawa “nepi ka”.

Contona: 1908 -1945

tanggal 28 - 31 Desember 1987

Bandung - Jakarta

G. Tanda Elipsis (...)

1. Tanda elipsis ngagambarkeun kalimah anu pegat-pegat.

Contona: Mun kitu mah ...kudu dilawan!

2. Tanda elipsis nuduhkeun yen dina hiji cutatan aya bagian anu dileungitkeun.

Contona: Nurutkeun pamanggih ieu ahli “„,kudu tepung langsung jeung karya-karya sastra” utamana mah dina pangajaran sastra the.

H. Tanda Tanya (?)

1. Tanda tanya dipake dinaahir kalimah pananya.

Contona: Iraha Salira sumping?

Salira oge uninga sanes?

2. Tanda tanya dipake di antara tanda kurung pikeun nuduhkeun bagian kalimah anu matak mangmang atawa tacan karuhan benerna.

Contona; PJKA rugi lantaran loba panumpang nu teu mayar (?)

Duitna anu 10 juta rupia (?) leungit.

I. Tanda Panyeluk (!)

Tanda panyeluk dipake pikeun nuduhkeun omongan panyeluk, parentah, jeung anu miharep paniten husus.

Contona: Tulung!

Cing pangmeundeutkeun panto!

Punten!

Kana omongan anu nuduhkeun parentah kaasup deuih pamenta, pangarep-ngarep, pangajak, panyarek, jeung pangdu`a.

Contona: Mugi Bapa kersa sumping dina waktosna!

Ya Allah, mugi Anjeun ngahapunten kalepatan abdi sadaya!

Mugi-mugi tiasa enggal mulih deui!

Hayu urang maca di perpustakaan!

Ulah sok seuseurian sorangan!

J. Tanda Kurung ((...))

1. Tanda kurung dipake pikeun ngahapit tambahan keterangan.

Contona: Lini di Sopye (Yugoslavia) kacida rongkahna

DIP (Daftar Isian Proyek) kudu gancang dieusian.

2. Tanda kurung dipake ngahapit angka atawa aksara anu ngawincik runtulan keterangan.

Bisa oge tanda anu digunakeun the ukur kurung tutup.

Contona: Faktor-faktor produksi ngurung masalah-masalah anu aya patalina jeung:

(1) alam;

(2) kaahlian;

(3) modal.

Atawa:

1) alam;

2) kaahlian;

3) modal.

K. Tanda Kurung Sikau ([])

Tanda kurung siku dipake ngahapit aksara, kecap, atawa gundukan kecap minangka koreksi atawa tambahan kana kalimah atawa bagian kalimah salinan tina tulisan nu lian. Ieu tanda mangrupa isarat yen eta kasalahan atawa kakurangan the memang tina naskah atawa tulisan asal tea; mangrupa isarat yen eta tambahan the ti nu nyalin.

Contona: Lawa [s] na jadi ratu 29 taun.

Saestuna Kami geus ngutus maneh *[Muhamad]* kalawan mawa hak, mawa pangbubungah jeung mawa pangwawadi.

L. Tanda Kekenteng ('...')

1. Tanda kekenteng dipake ngahapit cutatan langsung tina omongan, naskah, atawa bahan tinulis sejenna. Kekenteng duanana ditulis satahap luhureun jajaran.

Contona: “Mun geus karumpul,” saur Emang, “hayu urang indit!”

Dina eta buku ditendeskeun yen “maca karya sastra the jantungna” dina pangajaran sastra mah.

2. Tanda Kekenteng dipake ngahapit judul guguritan, sajak, karangan, jeung bab buku lamun ditulis dina kalimah.

Contona: Boh nilik eusina boh nilik basana, “Laut Kidul” the guguritan anu kawilang pinunjul.

Memeh dibukukeun, sajak “Bulan jeung Laut” the kungsi dimuat dina majalah.

3. Tanda kekenteng dipake ngahapitistilah ilmiah anu acan dipikawanoh pisan atawa anu miboga harti husus.

Contona: Najan sawanda jeung saharti, aya “nuansa” antara kecap *melenge* jeung *molongo* the.

Pantes rek tereh beunghar oge da sakitu “balabahna”.

4. Tanda kekenteng panutup nuturkeun tanda baca anu mungkas cutatan langsung.

Contona: Ceuk indungna, “Kade atuh, urangna sing ati-ati!”

5. Tanda baca panutup kalimah atawa bagian kalimah ditempatkeun tukangeun tanda kekenteng anu ngahapit kecap atawa pakeman anu dipake dina harti husus.

Contona: Budak eta sok dilalandi “Si Toed”.

Manehna sok disarebut “pahlawan”; dirina sorangan teu nyahoeun naon sababna.

M. Tanda Kekenteng Tunggal (‘...’)

1. Tanda kekenteng tunggal dipake ngahapit cutatan anu aya jeroeun cutatan sejen.

Contona: Ceuk kapala prajurit, ”naha siralaing teu ngadarenge ‘dar-der-dorna’ sora bedil?”

2. Tanda kekenteng tunggal dipake ngahapit tarjamahan atawa panandes kecap atawa pakeman kostा.

Contona: *Follow up* ‘lajuning laku’ kongres the geus mimiti digarap.

N. Tanda Gurat Condong (/)

1. Gurat condong dipake pikeun ngnomeran kode surat.

Contona: No. 41/A.V/16/1978

2. Gurat condong dipake gaganti kecap *jeung*, atawa, *jeung per* atawa nomer alamat.

Contona: mahasiswa/mahasiswi

Hargana Rp 97,50/lambar

Jalan Pajajaran II/3

O. tanda Panyingget (Apostrof) (^)

1. Tanda panyingget dipake pikeun nuduhkeun bagian kecap atawa angka anu dileungitkeun.

Contona: `na dina

`88 1988

2. Tanda panyingget dipake pikeun nuduhkeun *ain*

Contona: du`a

sa`at

ma`na

ma`lum.

SUMBER:

Jurusan Pendidikan Basa jeung Sastra Sunda. 1989. *Palanggeran Ejahan Basa Sunda*. Bandung: Rahmat Cijulang (hal 9-54).